

Б. УТАМБЕТОВ, А. ҚДЫРОВ

# БЕРДАҚТЫҢ ТУЎЫСҚАНЛАРЫ ҲӘМ УРПАҚЛАРЫ

Б. УТАМБЕТОВ. А. КДЫРОВ

# БЕРДАҚТЫҢ ТУЎЫСҚАНЛАРЫ ҲӘМ УРПАҚЛАРЫ

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1999

**Б. Утамбетов. А. Кдыров.** Бердақтың туўысқанлары ҳәм урпақлары: —Нөкис: Қарақалпақстан, 1999. 84 бет.

«Естелик китап» Бердақ (Бердимурат) Қарғабай улының үрим-путақларына арналған биринши китап. Китапта шайыр бабаларынан баслап, оның ҳәзирги урпақлары ҳаққында да сөз етиледи.

Бул мийнет Бердақ таныў менен шуғылланыўшыларға, мектеп, арнаўлы ҳәм жоқарғы оқыў орынлары оқытыўшылары менен қатар, оқыўшылары ҳәм талабаларға қосымша методикалық қолланба ретинде және Бердақ шайыр өмири менен қызығыўшы барлық қатламдағы адамларға арналып шығарылды.

**Пикир билдиргенлер:**

**Кеңесбай Алламбергенов—** *Филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.*

**Мақсет Тлеўмуратов—** *Профессор, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх кафедрасының баслығы.*

У $\frac{4803400100-557}{M-357(04)-99}$ 44-99

ISBN 5-8272-0177-4

© «Қарақалпақстан» баспасы—1999.

# КИРИСИЎ

**«Гәрезсизлик миллий мәдениятты ҳәм руўхыйлықты тастыйықлаў, Қарақалпақ халқының классик шайырлары Бердақтың, Әжинияздың дөретиўшилик мийрасын толық қайта тиклеў, олардың жарқын естелигин мәңгилик етиў ушын жол ашты»**

**И. А. КАРИМОВ.**

Гәрезсизлик шарапаты, Ўатан түсиниги өзиниң ҳақыйқый мәнисин, орнын миллий руўхыйлығымызды қайта тиклеў арқалы таўмақта. Қарақалпақ халқының миллий мәдениятты руўхыйлығының жетилисип, раўажланып қәлиплесиўине бабамыз Бердақтың (Бердимураттың) қосқан үлеслери орасан уллы. Ол өз заманының перзенти, халық әдиўлиси еди. Оның дөреткен мийнетлери қарақалпақлардың өтмиштеги тарийхын сәўлелендиреди. Биз Бердақ Қарғабай улының кейинги әўладларға қалдырған бийбаха мийраслары арқалы мақтана аламыз. Онда бабаларымыздың миллий руўхыйлығы өз көринисин тапқан. Сол себепли оның шығармаларын оқып руўхый азық аламыз.

Бердақ түрк тиллес халықларға аты жайылған уллы тулға. Оның шығармаларын Орайлық Азия халықлары менен бирге басқа да халықлар сүйип оқыйды. Оның бабалары ҳәм урпақлары ҳаққында усы ўақытқа шекемги белгили болып келген ҳәм урпақлары, және оны жақсы билетуғын қатықулақ естияр қарияларымыз болған жасы үлкенлерден жаңадан жыйналған мағлыўматларға тийкар-

лана отырып, бул китапшаны шайырымыздың 170 жыл толыў мерекесине арнап жазып, естелик китап ретинде баспадан шығарыўды мақул көрдик. Әлбетте, кемшиликсиз нәрсе болмайды. Сол себепли, бул мийнет барлық тәрепинен толық қамтылған естелик деп атаўдан аўлақпыз.

Ҳақыйқатында, Бердақ урпақларынан билгенлеримизди бул китапқа түсирийўде Өзбекстан Республикасының пуқаралық Кодексининң 1138-статьясында айтылған «төртинши дизим мийрасхорларына нызам бойынша мийрасхордың алтыншы әўладына дейин туўысқанлары киреди» деген нызамлы көрсетпени басшылыққа алдық. Сол себепли Бердақ шайырдың бабаларының барлық туўысқанларын, дослары, әўладлары менен урпақларын мүмкиншилиги барынша есапқа алдық ҳәм китапқа киргиздик. Әлбетте, китап жазбастан бурын газетада жарияланған мақалаға усындай принципте қайшы пикир билдиргенлерде табылды. Бирақ, Бердақ бабалары қаншелли жумбақ инсанлар болса да, оны күшимиз жеткенше шешип бериўге талапландық.



# ЖУМБАҚ ИНСАН

**«Тарыдай шашылса халқым ҳәр тәреп», Дәрья дегиш алып жүзин үгирсе, Излеген жоғынан болмай бир дәрек, Бетпе-бет дус келип қалсақ өмирге» (Ш.Аяповтың «Ғәплет түн өртенер шамның ушында» қосығынан).**

Уллы ойшыллар болған бабаларымыздың бизлерге жетип келген бийбаҳа мийраслық мийнетлери өшпейтуғын шамшырағымыз. Шынлықтың нурлы соқпақлары сол мийнетлерде өз көринисин тапқан. Ғәрезсизликке ерискен дәслепки жыллардаң баслап-ақ, бурын Шора ҳәкимияты дәўиринде қадаған етилип келинген уллы ойшыллар болған бабаларымыздың өмири ҳәм мийнетлери менен кеңнен таныса басладық. Жалғыз материализмди аспанға шығарып мақтаў, ал идеализм менен динди оннан-да, солданда маўасасыз әшкаралаў усаған жел өкпе кесел бизлерди Имам Бухарий, Ат Термезий, Нажимаддин Кубра, Хожа Ахмед Яссауий, Бахаўаддин Нақшбандий ҳәм т.б. өз заманының билимдан тулғаларының мийнетлери менен кеңирек танысыўдан мақрум етип келди. Үстемлик етип келген марксистлик-ленинлик идеологияға сәйкеслендириў мақсетинде гейпара ойшылларымыздың мийнетлерине берилетуғын баҳаларымыздың формасы менен мазмунын өзгерттик. Олардың ҳақыйқый түсиниклерине жүзеки қарап, материалист яки өз заманының атеисти етип көрсетиўге дәлиллер изледик. Ҳәттеки, гейпара ойшыллардың социаллық шығысын бурмалап, кәмбағал дийқан шаңарағында туўылды, деген шынлыққа үйлеспейтуғын биймәни түсиниклерге исенип жүрдик.

Усындай шынлыққа сәйкес келмейтуғын дәреклерден Бердақ бабамыздың руўхынада азап шөкти. Республикамыздың көрнекли мәмлекетлик ғайраткерлериниң бири, қәдирдан ақсақалымыз Қәллибек аға Камалов өзиниң «Ел хызметинде» атлы мийнетинде ҳақыйқатлыққа туўры келмейтуғын түсиниклерди көзде тутып былай деп жазады: «Дәўир сиясатына бойсындырыў нийетинде олардың тарийхый шығысын төменлетип жиберген. Мәселен, Жийен Жыраў айырым мағлыўматлар бойынша Хожа Ахмед Яссауийдиң медресесинде оқыған. Олда шопанның баласы деп айтылып жүр. Әжинияз Хийўа медресесинде оқыған, олда жылқыманның баласы яки Бердақ шайыр өз қосықларында: «Бухара менен Хорезмге саяхат жасадым»—дейди. Ол Қарақум медресесин питкерген. Буны да кәмбағал дийқан адам сыпатында көрсетпекши болады. Булар жүдә бай адамлардың балалары болмаған менен де бек яки руўханыйлар шаңарағынан шыққан болыўы мүмкин. Себеби өмир ҳақыйқатлығының өзи соны көрсетеди. Өз күнин зордан көрип отырған адамның бирден үлкен шәҳәрлерге қәрежет таўып барып оқып, данышпан ҳәм шайыр болып кетиўи исенимсиз... Олар өз заманының қурғын хожалықларынан шыққан, өз дәўириниң алдыңғы адамлары болған. Олар диний медреселерди питкерген үлкен руўханый адамлар болған. Соның менен бир қатарда олар өз заманының алым адамлары саналған. Мәселен, Бердақ қарақалпақ халқының шежиресин жазған. Демек ол тарийхшы. Шежирени жазардан алдын көп дәреклер менен танысқан, көп адамлар менен ушырасып, сәўбетлескен. Саўатсыз, интасыз әпиўайы дийқан адам халқының тарийхын жазыўға қол ура алама?»[1]

1. Камалов.Қ. Ел хызметинде. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1995, 445-бет.



Мийнет ийесиниң пикиринде жан бар, себеби басқа ойшылларымыз сыяқлы Бердақ шайырдың бабаларыда руўханый ҳәм бий болып қарақалпақлар арасында үлкен абыройға ийе болған. Буны айрықша сөз етип отырғанымыздың себеби, Бердақ таныў менен тиккелей шуғылланып келген белгили алымларымыз Бердақтың кәмбағал дийқан шаңарағында туўылып, оның әкеси байлардың есигинде күн көриси ушын хорлықлы ҳәм аўыр жумысларда иследи, деп көрсетеди. Уллы ойшылдың тарийхый шығысын бундай төменлетип жибериўшилик басқа мийнетлер менен оқыўлықларда да жазылып келинди.

Ҳақыйқатында, Бердақ шайырдың әўладлық шынжырлық кестеси: Карун сүўпы(1)— Жақсылық бий(2) — Хожамурат бий(3)— Бекмурат (Бек)бий(4)— Татлымурат (Тнат)бий(5)— Қалмухаммед (Қарға)бай(6)— Бердимурат (Бердақ)(7) ҳәм т.б. ибарат. Бул аты көрсетилген шайыр бабалары 1954-1998-жыллар даўамында жүргизилген изертлеўлер нәтийжесинде анықланылды. Бул мағлыўматлар Қазақдәрьялы Юсуп ата (1883-1973), Сейтназар Айтмамбет(Айеке)улы, Әжинияз шыйықшы Есен улы, үлке таныўшы Узақ аға Рахметуллаев, Нуран Қоразбеков, Алланияз Кдыровлардан алынған. Әлбетте, соныда орны менен айтып өткен орынлы, Бердақ шайырдың әўладлық, шынжырлық шежиреси ҳаққында көплеген информаторлардың берген мағлыўматлары менен де таныспыз. Олар шайыр шынжырлық шежиресин оғыры шатастырып береди. Көпшилигинде Қалмухаммед (Қарға) бийди Татлымураттың (Тнат, Тнет) баласы емес, ал Боранбайдың баласы деп есаплайды. Соның менен қатар, Тнеттиң әкеси Бекби, Бекбиниң әкеси Хожақул деп нәмалим, толық емес мағлыўматларға тийкарланылған.[1] Биз бул мағлыўматларға

1. Каримов А. Пахратдинов А. Бердақ әўладлары. Әмиўдәрья, №4 1958-жыл, 101-бет.

сын көз бенен қарап, қарақалпақ халқы тарийхының аса билимданы, Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының академиги, Нью-Йорк академиясының ҳақыйқый ағзасы, тарийх илимлериниң докторы, профессор С.Камаловтың илимий редакторлеўинде баспадан шыққан, Г.Хожаниязов ҳәм О.Юсуповлар тәрепинен жазылған «Естелик китап», «Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар» (Нөкис,«Полиграфист»,1994) атамасындағы мийнеттиң 38-бетинде авторлар тәрепинен көрсетилген Бердақ шайырдың кестесин дурыс деп ойлаймыз. Бул кесте: Жақсылық бий (1) —Хожамурат бий(2) —Бекмурат (Бек) бий(3) —Татлымурат (Тнат)бий(4) —Қалмухаммед (Қарға) бай(5) —Бердимурат (Бердақ)(6) ҳәм т.б. ибарат.

Уллы шайырдың ең арғы бабасы Карун суўпы екенлиги ҳаққындағы мағлыўматты Бердақтың екинши баласы Сейтназардың асырап алған баласы Нуран Қоразбековтан нөкисли А.Қдыров жазып алған. Негизинде Нуран Қарғабайдың үшинши улы Ермақтың Қоразбек деген баласынан туўылған Шараптың баласы. Шараптың әкеси Қоразбек көбинесе аталас ағайини Бердақтың қасында ерип жүрген ҳәм оның қосықларын қағазға түсириў менен де шуғылланған. Бердақтың Айымхан деген қызынан туўылған Үббинияздың айтыўынша, шайыр ең кейинги күнлеринде аўырып жатырған ўақтында да усы Қоразбекке жаңа шығарған қосықларын көширткен. Бердақтың Абылла шайтан деген жорасы, шайырдың аўырып атырған ўақтында келип, «қосықларыңды тири ўақтында көширип алайық» деп оннан сорап үлкен бир қолтық қағазға жазылған қосықларын алып кеткен. Шайыр өлгеннен кейин оның жазба қосықлары Абылла шайтанның үйинде қалып қойған. Абылла қайтыс болғаннан кейин, бул бийбаҳа мийрасларды кимлердиң алып кеткенинен дерек болмай қалған.[1]

Қоразбек Ермақ улы Бердақ шайырдың изине ерип, ел аралап жүрген. Ол шайырдың қосықларын хатқа түсиргенин жоқарыда айтқан едик. Оған Бердақтың күшли тәсийри болды. Ол азлап қосық шығарған, қыссаханлық еткен. Қоразбек көбинесе Бердақтың «Шежире» ҳәм т.б. шығармаларын халық арасында қысса етип айтып жүрген. Оның жазған қосықлары елеге шекем мәлим емес. Қоразбектиң ҳәзирги әўлады өзлерин Нурмақтың үрим-путақларымыз деп көрсетеди. Мәселен, Кегейли районы Қ.Ҳабибуллаев атындағы жәмәәтте жасаўшы, биз жоқарыда атын атап кеткен Нуран нөкисли А.Қдыровқа усылайынша мағлыўмат берген. Биз 1954-жылы алып барылған экспедиция ағзаларының мағлыўматларына көбирек итибар бердик. Нуранның өз бабасы ҳаққындағы мағлыўматларын онша исенимли деп таппадық. Себеби, 1954-жылы Бердақтың үлкен баласы Айтмамбеттиң (Айекениң) Сейитназар исимли баласы, соның менен қатар, Қарғабайдың (Қалмухаммед байдың) баласы Сербабаның улы Жақсымураттың баласы Мәмбетмурат 72 жасында болып екеўиде тири еди. Булардан басқа шайырдың ақлықлары Үббинияз, Сапарнияз, Гүлайым, Қаражан бақсыларда бар екен. Мине усылардан 1954-жылғы шөлкемлестирилген экспедиция ағзалары мағлыўматлар алған. Сол себепли, ҳәзир тири емес, мархум мәлимлеме бериўшилердиң мағлыўматларына көбирек исеним менен қарадық. Олар әдеўир қартайған, толық естиярлы, кәмалат шыңына көтерилген жасларында болған. Сонлықтан Артық аға Каримов пенен Абдисайд аға Пахрат-

1. Каримов. А. Пахратдинов А. Бердақ әўладлары. Әмиўдәрья №4, 1958, 101-бет.

динов 1958-жылғы «Әмиўдәрья» журналы №4 санында жарияланған жоқарыда аты аталған мақаласындағы мағлыўматлардың көпшилигин өзгертпей пайдаланыўымызға туўра келди.

Не ушын Нуран Қоразбеков өз арғы атасын, яғный Бердақтың арғы атасын Карун суўпыдан баслаған, бул мағлыўматларды қайдан алған ҳәм Карун Суўпы ким болған деген сораўларға жуўаплар излеп көрейик. Әлбетте, шамалаўлар, болжаўлар негизинде алып қараймыз.

Жоқарыда көрсетип өткенимиздей, Ермақ улы Қоразбектиң үш баласы болған Алламберген, Емберген, Шарап, Алламбергенниң— Жөмий, Абдикерим; Емберbegenниң— Узақ, Мақсет, Алпысбай, Базарбай; Шараптың— Нуран, Ғайрат, Зийнет деген балалары бар. Нуран өз қолындағы мағлыўматты Ембергеннен алған. Емберген болса әкеси Қоразбектен үрим-путақлық шежире толтырылған жазба дәптерди қайтыс болмастан бурын қабыллаған. Бул дәптер арабша жазылған. Оны Емберген қорқып ҳәр жерге тығып жүрип жойтып алады. Емберген 1970-жылы, Шарап 1986-жыллары қайтыс болып кеткен. Емберген көзи тири ўақытта баласы Мақсетке ҳәм Нуранға ядында қалғанларын сөйлеп береди. Әлбетте бул документтиң ишиндеги мағлыўматларды, мархумның қаншелли дәрежеде ядта сақлап қалғанын шатастырмай сөйлеп бергенине ҳеш ким гүўалық бере алмайды. Себеби оның берген мағлыўматлары 1954-жылғы экспедиция материаллары менен сәйкес келе бермейди. Ҳәттеки үрим-путақлық тармақлар оғыры шатасып кеткен. Ермақтың балалары Нурмақтың балалары болып жүр ҳәм т.б. гүмилжи мағлыўматлар бар. Арабша жазылған бул үрим-путақлық шежире дәптерди Бердақ шайырдың өзи жазған ҳәм аўырып атырғанда Қоразбекке берген. Ембергенниң қолында сақланып келген үрим-путақлық шежире дәптер бийбаҳа материал еди. Әттең, қатағанлық дәўиринде қуўдалаўдан қорыққан мархум Емберген жойтып алмағанда, бул документ көп нәрселердиң сырын ашып берерлиги, сөзсиз.



Емберген қолында сақланып келген үрим-путақлық шежире дәптерде Карун Суўпы Бердақтың ең алыстағы бабасы есапланады. Ол ким болыўы мүмкин? Оны қарақалпақлар тарийхының сол дәўирлердеги мағлыўматлары менен салыстырайық. Карун Суўпы Бердақтың арыдағы бесинши бабасы. Егерде биз, адамзат әўладының көбейиўиниң, яғный перзент көриўиниң ең өнимли дәўирин 18 жас пенен 40 жаслар аралығы екенлигин есапқа алсақ, және де XVII—XIX-әсирлерде туўылып, өмир сүрген уллы өзийз бабаларымыз Күнхожа Ибрайым улы бир әсир, Маман бий, Ораз Мухаммед (Оразақ) Батыр, Ақсақал 104 жас, Имам Ийшан Қайыпназар улы 78 жас, Әтеш Алшынбай улы 74 жас, Бердимурат (Бердақ) Қарғабай улы 73 жас жасағанларына дыққат аўдарсақ, бизиң қарақалпақлардың қурғын, бардамлы шаңарақ ийелериниң орташа өмир узақлығы 70-75 жастан төмен болмаған. Және бир итибарға алмасақ болмайтуғын үрдис, қурғын бардамлы қарақалпақлар перзентлерин ерте үйлендирген ҳәм турмысқа шығарған. Ол ўақытлары ең жас үйлениў жасы 13-16 жаслар аралығы болған. Бул демографиялық ҳақыйқатлықларға бизиң төмендеги шамалаўларымыз ҳасла қайшы келмейди.

Қалмухаммед бай (Қарғабай) Бердимуратты (Бердақты) екинши ҳаялынан (Каркарадан) 35 жасында көрди деп есапласақ, онда Қарғабай 1792-жылы туўылған болады. Тап усындай шамалаўлар менен Бердақтың әкесинен алдын өткен бабаларының жасларын есаплап шығарсақ ҳасла ҳақыйқатлықтан жырақ болмайды. Қарға-

байдың әкеси Татлымурат бий (Тнат, Тнет) Қарғабайды 30 жасында көрген деп шамаласақ, Тнет 1762-жыл туўылған. Татлымурат (Тнет, Тнат) бийдиң әкеси Бекмурат (Бекбай, Бекбий) Тнетти 25 жасында көрген деп дусмаласақ, Бекмурат бий 1737-жылы туўылған, Бекмурат бийдиң Хожамурат бий Бекбийди яки Бекмурат бийди 20 жасында көрген деп ойласақ, онда Хожамурат бий 1717-жылы туўылады, Хожамурат бийдиң әкеси Жақсылық бий Хожамуратты 19 жасында көрген болса керек, деп шамаласақ, ол жағдайда Жақсылық бий 1698-жылы туўылған. Сонда Бердақтың ең арғы бабаларының бири Жақсылықтың әкеси Карун Суўпы Жақсылықты 18 жасында көрген десек, онда Карун Суўпы 1680-жылы туўылған болады. Жасларда шамалаўлар менен жиберилген қәте 5-6 жас көп яки кем болыўы мүмкин. Бул статистика илиминде мағлыўматлардың анықлығын есаплаўларда традициялық кететуғын қәте есапланады. Бул мәселениң биринши тәрепи болса, екиншиден ҳәзир көпшилик ойшылларымыздың туўылған жыллары менен қайтыс болған жыллары анық болмағанлықтан, усындай шамалап есаплаўлар тийкарында анықланған. Мәселен, Ал-Ферганийдиң жасаған жыллары ҳәм басқа да көплеген ойшыллар менен шайырлардың өмир сүрген жыллары усындай усылларда есаплап белгиленген.

Бердақтың арғы бабаларының бири Карун Суўпы XVII-әсирдиң екинши ярымы XVIII әсирдиң биринши ярымында жасағанлықтан, қарақалпақлардың Сырдәрья бойынан ата журты түслик Арал бойы Әмиўдарьяның теңизге қуяр жериндеги ата-бабаларының мәканына қайтадан қайтып келип қоныс басып атырған оғыры қутлы дарыған жылларындағы ўақыялардың ишинде болып, белсендилик көрсеткен әзийз инсанлардың бири. Ол



пүткил қарақалпақларға аты белгили тулғалар болған, яғный XVIII әсирдиң биринши ярымында қарақалпақлардың руўхый басшыларының бири Мурат шайық, әзийз баба, Хожа, Ибн ишим Султан Мухаммед Бахадурхан (1675-1748 ж.ж) менен қазаяқлының мерген қараған тийресиниң атақлы бийи, омыраўлы, қатаңлық пенен аты шыққан Тилепбай ҳәм усы руўдың атақлы шебер устасы Елибай шойыңшылары менен заманлас.

Қарақалпақлардың Сырдәрья, Жаңа дәрья, Қуўан дәрья бойларында жасаған жылларында ҳәм кейинирек Ана журты Әмиўдәрьяның қуярлығынан баслап Хийўа, Үргениш, Бухараға дейинги жерлерге қайта көшип келгенде де елдиң бирлигин, аўызбиршилигин ҳәм парахатшылығын сақлаўда, сыртқы душпанлардан қорғаўда басқа руўлар бийлери менен байларына қарағанда Карун Суўпы, Тилепбай бий, Маман бий ҳәм Елибай шойыншылар Мурат шайықтың ең жақын кеңесгөйлери болады. Бул әзийз инсанларды жеке-жеке алып қарағанымызда, олардың биреўинен табылған адамшылық минез-қулық, исҳәрекетлер менен тапқырлықлар екиншисинде ушыраспайтуғын қәсийетлер болып айырылып турады. Мәселен, Карун Суўпы Қоңыратлар арасында үлкен абырайға ийе улама, ақылгөй, шешен, көтқуда ақсақал болып өмир сүрген. Ал Тилепбай бий қазаяқлылардың мерген қараған тийресиниң барлық шаңарақларына емес, ал улыўма қарақалпақлар арасында бай, дәўлетлилиги менен даңқы жайылған қудай берген адам екен. Ол зийрек ақыллы, сақый, орынлы жерде қатты қол зулым, сиясатшыл көтқуда, орыс, қазақ ҳәм басқа халықлар менен саўда жумысын алып баратуғын омыраўлы өжет инсан. Оның басқалардан артықмашлығы байлығы болып, елди қорғайтуғын қарақалпақ ләшкерлерин қурал-жарақлар, ат-көликлер, кийим-

кеншеклер ҳәм азық-аўқатлар менен тәмийинлеўшилердиң бири болғанлығы. Усылайынша Тилепбай бий Қытайлар арасында орны салмақлы әзийз тулға. Ал қазаяқлылардан шыққан екинши инсан, Елибай шойыншы Генжебай улы Мурат шайықтың қыяметлик иниси, елге хожалық буйымларын, батырларға қылыш, найза сыяқлы қарыў-жарақ соғып бериўши шебер уста, өз кәсиби бойынша үлкен абройға ийе, елим халқым деп, жан пида еткен инсан.

Усы жерде Бердақ урпақларына тоқтап өтиўдиң басқа тәреплеринде есапқа алып, оның бабалары менен заманлас инсанлардың шежирелик шынжырлық кестесинде бергенимиз жөнсиз болмаса керек. Биз Мурат шайықтың урпақлық шынжырлық кестесинен басласақ, ол төмендегише: Мурат шайық(1)— Хасан(2)— Назар(3)— Сейид хожа(4)— Мырза хожа(5)— Сапар хожа(6)—Жолдас(7) ҳәм басқа урпақларынан ибарат. Тилепбай бий кестеси: Тилепбай бий(1), Хорлыбай бий(2), Қабыл бий (3), Максет бий(4), Пирлепес бай(5); Нурназар, Өтамбет (6), Узақбай, Сәтбай, Бердибай, Генжебай(7) ҳәм басқа урпақлары бар. Сәтбай қайтыс болып кеткен. Бердибай философия илимлериниң кандидаты, доцент, Генжебай шыпакер, Нөкис қалалық балалар емлеўханасының бас шыпакери, 1-дәрежели «Соғлам авлод учун» ордениниң кавалери.

Бердақтың Карун Суўпыдан кейинги бабасы Жақсылық бийдиң еки баласы болады. Олар Хожамурат (Хожаке) бий, Қулмурат (Қулеке) суўпы. Усы жерде Хожамуратты «Хожаке», Қулмуратты «Қулеке» деп атаўлардың келип шығыўыда үлкен әҳмийетке ийе. Қарақалпақлар ең абройлы ел ақсақалларының атларын тиккелей айтпай, ҳүрметлеў мәнисинде қысқартып айтып жүрген. Сол себепли кейинги оның әўладларында аталарының атларын толық атамастан «Хожекенин» яки «Қулекениң» әўладымыз деп атаўлары соннан келип шыққан.



Енди биз Жақсылық бийдиң еки баласына ҳәм оннан өрбиген урпақларға жеке-жеке тоқтап өтемиз. Жақсылық бийдиң еки баласы Қулмурат бий «Қулеке топары» деп аталса, ал Хожамурат бий «Хожеке топары» деп аталған үрим-путақлық шежире кестесине ийе.

Жақсылықтың үлкен баласы Қулмураттан (Қулекеден) Хожамберген шаңтиймес туўылады. Хожамбергенниң үрим-путақлары арасында мынадай бир ўақыя елеге шекем есте сақланып қалған. Қулмурат бий әкеси Жақсылықтың тапсырмасы бойынша жас жигит ўақытларында Хийўаға көп барған. Бир барғанында хан ғәреми алдынан өтип баратырып дәрўазадан шығып суў серпип атырған қызға дуўшакерлесип қалады. Қыздың қарақалпақ екенлигин сезип оны аңлый баслайды. Қызды аўылласларының бири сыпатында танып оған ушырасыўға шығады. Сонда ханның ғәреминде қәнийзек болған қарақалпақ қызы ата-анасын, ел-журтын сағынғанын, қалай болмасын оның елге кетиўге бел байлағанын билдиреди. Солай етип, қәнийзек пенен келисип, ҳийле ойлап табады. Олар ғәремниң қараўылы болып турған хан нөкерлериниң көзинше қушақласып жылайды. Ханның қәнийзеги менен қушақласып турған бийтаныс адамды нөкерлер ханға алып барады. Хан оннан не ушын бундай әдепсизлик ислейсиз, деп сорағанда Қулмурат Суўпы былай деген: «Әй ҳәзирети ханымыз ! Бул қәнийзек мениң қалыңлығым еди, мен бул қызға 15 туўар қалың мал төлеп едим. Бул қыздың ата-анасына сойыслыққа мал излеп кеткен күни сизиң жасаўылларыңыз алып кетипти. Бүгин ғәремнен таўып, көрисип жылап турман», — дейди. Хан ойла-



**1-сүўрет.** Ўатандарлық урыс қатнасыўшысы Шамшетов Нуратдин (1911—1979).



нып турып, «Әй пуқарам, мениң жасаўылым нөкерлери менен барып алып келип, қәте ис ислеген екен, қалыңлығыңды елиңе алып кетеғой», — деп жомартлық етип, қөнийзек ҳәм Қулекениң (Қулмураттың) ҳәр қайсысына бир-бир ат, азық-аўқат берип, елине қайтарып жибереди. Елге келип бул қөнийзекке үйленип, соннан Хожамберген туўылған. Хожамберген Алтай ҳәм Досалы атлы еки балалы болады. Алтайдан(1)— Арзыбек (2)— Турды(3)— Бекжан(4) — Уснатдин, Нөжим, Дәрибай, Базарбай, Мырзабай, Әдилбай, Дәўлетбайлар туўылған. Уснатдин Бекжанов Республикамызға мийнети сиңген шыпакер болып, көп жыллар даўамында қаладағы №4-поликлиниканың бас шыпакери болды. Оның Муратбай, Полатбай, Барлықбай деген уллары бар. Нөжимнен— Бердақ, Бахтияр, Ерназарлар бар. Нөжим көп жыл инжинер-қурылысшы болып иследи. Дәрибайдан— Назарбай, Темур ҳәм басқалар туўылған. Базар-



**2-сүўрет.** Бекжанов Нөжим

байдан—Арысланбай, Гүлбаҳар, Әжинияз, Амангүллер дүньяға келген. Буннан басқа Турдыдан Бабанияз, Улбосын ҳәм Бекбосын, Асаматдин деген ул-қызлар туўылады. Соннан Бабанияздың урпақлары белгисиз, ал Улбосыннан Каримбай бар. Ол жаи мастерликтен Нөкис қалалық Ҳәкиминиң орынбасары хызметинде иследи. Каримбай ҳәзирги ўақытта «Аралводстройда» хызмет көрсетпекте. Ол Нөкис қаласында жасайды, сегиз баланың атасы.



3-сүўрет. Шамшетов Дәўлетбай (1948—1998) Аўыл хожалығы илимлериниң докторы.

Досалыдан (1)— Есенгелди (Есен қазы) ҳәм Нәжматдин (2)— Нәжматдиннен—Шамшет(3); Шамшеттен— Нуратдин (4)—Нуратдиннен; Дәўлетбай, Сарсенбай, Бийсенбай ҳәм Дүйсенбай (5)- Дәўлетбайдан—Бахтияр, Полат ҳ.т.б. Сәрсенбай техника илимлериниң докторы, профессор. Ҳәзир Қарақалпақ мәмлекетлик Университетиниң кафедра баслығы. Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети жанындағы аўыл-хожалық илим өндирис Орайының Қарақалпақстан бөлиминиң



баслығы лаўазымында ислеп атыр. 1990-1995-жыллары Нөкис қаласы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты болды. Республикада хызмет көрсеткен ойлап табыўшы. Бирнеше халықлар спорт гүреслери түри бойынша спорт шебери. Өзбекстан Республикасының ҳәм халық аралық жарысларының бирнеше мәртебе жеңимпазы ҳәм Өзбекстан Олимпиада комитети ағзасы. 130 дан аслам халық аралық баспаларда шыққан илимий мийнетлери ҳәм монографиялары бар, және 30 лаған илимде ашқан дөретиўшилик патентке ийе.

Турдының баласы Бекбосын (1910) жоқары мағлыўматлы. Балалары: Қабылбек, Мақсет жоқары мағлыўматлы, Өмирбек орта арнаўлы мағлыўматқа ийе қәнийге. Ол мәмлекетлик тәбиятты қорғаў комитетинде оператив группа баслығы болып ислейди. Бахыт жоқары мағлыўматлы, муғаллим. Олардың ҳәммесиде үлкен шаңарақ ийелери.

Есен қазы (1810) дан— Қағметулла; Дәўлетназардан— Халықназар, Сәтбай, Жийенгүл; Султаназардан— Оралбай, Дилбар, Қаллибек, Гүлбаҳар, Шазада, Айбеклер туўылған. Қосжетерден— Палсулыў, Жалғас, Жийенбай ҳәм Бийбайшалар дүньяға келеди. Бийбайшадан Бийбизада туўылып ол Ерназар алакөздиң баласы Мәмбетназардың улы Асқар сот пенен турмыс қурады. Мәмбетназаров Асқар бул қыздан он перзентли болады. Олар: Жолдас, Мурат, Мақсет, Бахтияр, Зыяда, Дилбар, Қоңыратбай, Полат, Шарапат, Гүлнара. Зыяда деген қызынан Гүлшанай, Света, Азат деген балалары бар.

Жақсылық бийдиң екинши баласы Хожамурат бийдиң (Хожаке) баласы Бекмурат бий (Бекбий, Бекбай депте атаған). Бекмурат бийдиң Боранбай, Балтабай, Татлымурат бий (Тнат, Тнет депте атаған) деген ул-перзентлери болады. Татлымурат бийден— Қалмухаммед бай (гейде оны



4-сүўрет. Жоқары категориялы юрист Мәмбетназаров Бахтияр өз баласы ҳәм ақлықлары менен түскен сүўрети.



Қарғабай депте көбирек атаған) туўылған. Мине усы Қарғабай деп аталып кеткен Қалмухаммед бай биринши ҳаялынан бес уллы болып, олар Өтепберген, Нурмақ, Ермақ, Жәмет ҳәм Сербаба. Балаларының алды жигит болғанда Қарғабайдың (Қалмухаммед байдың) биринши ҳаялы дүньядан өтип, мүйтен руўының көтқуда адамының қызы Каркараға үйленеди. Әне усы екинши ҳаялы Каркарадан Қарғабай төрт уллы болады. Олар Бердимурат (Бердақ), Пазылбек, Бердибек, Қөллибеклер.

Пазылбек, Бердибек ҳәм Қөллибек қайтыс болып кетип, Қарғабайдың генжетай баласы ретинде Бердимураттың (Бердақтың) бир өзи екинши ҳаялы Каркарадан қалған перзенти.

Енди биз Қалмухаммед байдан (Қарғабайдан) туўылған перзентлердиң урпақлық шежире кестесине тоқтасақ, олар төмендегише:

1. Өтепбергеннен— Сейтмурат, Самурат; Сейтмураттан— Қәдирберген, Турсынбай; Самураттан— Мырзагүл ҳәм тағы басқалар.

2. Нурмақтан— Мырзабек, Разбек туўылып, Мырзабектиң— Султамурат, Таўмурат, Халмурат деген перзентлери болған. Султамураттан— Хожамурат, Алланияз, Алланазар туўылған ҳәм т.б.

3. Ермақтан— Ораз, Қоразбек. Ораздан— Жарылқаған, Кеўлимжай, Есбоған; Жарылқағаннан— Өтеген; Есбоғаннан— Кеңесбай; Қоразбектен— Алламберген, Емберген, Шарап туўылған. Алламбергеннен— Жәмий, Абдикәрим; Ембергеннен— Узақ, Мақсет, Алпысбай, Базарбай; Шараптан— Нуран, Ғайрат, Зийнет ҳәм т.б.

4. Сербабадан— Тилеўмурат, Мырзамурат, Жақсымурат, Дәўлетмурат; Тлеўмураттан— Абдулла, Гүлжан, Улбоған ҳәм т.б. Мырзамураттан— Пайзулла, Ҳабибулла, Ибадулла, Ра-



5-сүўрет. Кеңесбай Оразов, Мақсет Таўмуратов, Бахтияр Исаев.



метулла, Исметулла; Файзулладан— Санеттулла (Сатен); Ҳабибулладан— Орал; Ибадулладан— Бекмурза ҳәм т.б. Раметулла ҳәм Исметулладан бала жоқ. Жақсымураттан— Мамбетмурат (Усы кисиден ҳәмме информаторлар Бердақ ҳаққында материаллар алған. (Ол 1954-жылы 72 жаста екен.) Дәўлетмураттан— Баймурат, Қаражан, Турдымурат;

Қарғабайдың екинши ҳаялы Каркарадан туўылған Бердимурат (Бердақ) тың үрим-путақлық шынжырлық шежире кестесин баянламастан бурын, 1954-жылғы экспедиция материаллары бойынша мына мағлыўматларды келтирип өткенимиз дурыс болады. Бердақ 10 жасында әкеси ҳәм анасы қайтыс болғаннан кейин, жоқарыдағы аты аталып, үрим-путақлық кестеси баянланған бес ағасының қолында тәрбияланбастан, негедур белгисиз себеплер менен әкесиниң аталас ағайини Қошқарбайдың баласы Найзабайдың қолында тәрбияланады. Найзабай шаңарағында тәрбияланған Бердақтың шайыршылыққа, бақсышылыққа ҳәм сазендешиликке болған қызығыўшылығы оянады. Өзи жасаған аўылына, қоңсылас аўылларға өз өнери менен белгили бола баслайды. Жаслар шөлкемлестирген дәстүрлик отырыспаларда өзи шығарған қосықларды дуўтарға қосып айтып, бақсышылық пенен шуғылланып жүреди. Усылайынша өз заманласларының қәдирли адамына айланады.

Бердимурат (Бердақ) 23-24 жасларында мүйтен руўының кең таңаў тийресиндеги Байманкул деген қурғын шаңарақ ийесиниң Бийбитхан (көбинесе Байтхан депте атаған) деген қызына үйленеди. Усы Бийбитханнан Айеке (Айтмамбет ямаса Айтмухамбет депте атаған), Назыбек, Хурлиқа, Хүрлиман, Айымхан, Бийбихан деген ул ҳәм қызлары туўылады. Бердимурат (Бердақ) Байтханнан еки

ул, төрт қызлы болғанда, яғный шайыр 35 жасларға келгенде Бийбитхан (Байтхан) қайтыс болып, алты баласы менен қалған шайыр бабамыз екинши рет қостамғалы руўының ақсақалы Барлықбай деген адамның Бағдагүл деген қызын алады. Бағдагүлди адамлар шайырға турмысқа шығып бахытлы болды деп, «Бахытлы» депте атаған. Бердақ Бахытлыдан Гүлимхан, Жарымхан деген еки қызлы болған ҳәм Худайберген деген уллыда болса керек.

Бердақтың ул ҳәм қызларының шынжырлық үримпутақлық кестеси төмендегише:

1. Айекеден— Айтмамбет (яки Айтмухамбет), Сейтмамбет, Сейтназар, Мәмбетназар, Зийбахан; Сейтмамбеттен— Гүласен; Сейтназардан— Тансықбай ҳәм Мунсызбай атлы қыз жөне Нуран, Дәмегүл, Сексенбай. Мамбетназардан туўылған перзентлери ҳаққында келеси бапта анығырақ айтылады. Зийбаханнан— Ерназар, Карима ҳәм Салийма атлы қызлар болған.

2. Назбектен— Емберген, Салпихан, Перийхан деген, бир ул ҳәм еки қыз болған. 1954-жылғы экспедиция мағлыўматларына қарағанда Емберген қайтыс болып, сол жылы Салпихан 68 жаста, Мойнақ районында, ал Перийхан Тахтакөпирде жасап атырғанын билдиреди. Назыбектиң өзи ҳаққында, бул экспедиция материалларында мынадай мағлыўматлар бар. Информатор Қаражан бақсы Қабулов 1954-жылғы экспедиция ағзаларына төмендеги мағлыўматларды берген. «Назыбек оғыры шебер сазенде еди. Мен, — дейди Қаражан бақсы, —анам Ҳүрлиманнан қалған дуўтарды ҳәзир алып жүрмен. Бул дуўтардың соғылғанына 119 жыл, мениң қолымда болғанына 47 жыл болды. Дуўтарды Бердақтың баласы Назыбек шертип, маған тапсырды. Оннан соң мениң анам Ҳүрлиман бираз жыл





**6–сүрет.** Мәмбетназар қызы Муслима өз өмирлик жолдасы Исаев Әуезберген менен

шертип, маған берди. Мен Бердақтың «Таштит» деген намасын Назыбектен үйрендим» дейди.

3. Бердақтың қызлары ҳаққында тоқтайтуғын болсақ, 1954-жылғы экспедиция ўақтында жазып алған мағлыўматларда, тәғдир айдап ҳәр-қайсысы ҳәр қарақалпақ руў шаңарақларына келин болып түскенлиги айтылады. Соннан Ҳүрлиқа- қолдаўлыға; Ҳүрлиман- мүйтенниң тели тийресине; Айымхан қалмақ руўына; Гүлимхан- майшыға; Жарымхан- жаман аўылға турмысқа шыққан. **Усы қызлардың ең үлкени Ҳүрлиқаның кестеси:** Ҳурлиқа- Избан (ўақтында болыс болған), Дошан, Қошымбет, Генжебек ҳәм Айсәнем деген қызы болады. Избанның бес қызы, төрт улы болып, қызлары: Генжегүл, Айша, Тойдық, Шекерхан, Үмитхан болса уллары Бегжан, Жамғырбай, Иманбай, Жумабайлар. Дошан, Генжебектиң шаңарақлары ҳәм перзентлери ҳаққында мағлыўмат жоқ. Қошымбет 1954-жылы экспедиция ағзалары барғанда тири еди. Мойнақта қара терең де жасап атырғанын айтады. Оның баласы Тилеўнияз уста Мойнақта жасап атырған екен. Айсанемнен Перигүл деген қыз болған. Оннан Нуратдин, Зийнатдин ҳәм Сарбиназ туўылған. Нуратдин пенсияда, жоқары мағлыўматлы. Сарбиназ бала-шағалы, Кегейлиде Қ. Әбиуллаев жәмәәтинде турады.

4. Ҳүрлиман әкеси қусап бақсышылық пенен шуғылланған. Күйеўи Кабулдың азғырып тыйым салыўына қарамастан бақсышылығын қоймаған. Кабул қаншелли урыпазаплап тоқтатпақшы болсада көнбеген. Әкеси Бердақ қызының үйине келип күйеў баласы Кабулға кейип, қызының бақсышылығына тыйым салмаўы ушын разылығын алған. Ҳүрлиман «Гүл бүлбил», «Саятхан Ҳамра» дәстанларын тойларда айтқан. Баласы Қаражанды бақсышылық өнерине үйреткен. Қаражан бақсы ҳәм оның бақсышылық өнери ҳаққында баспа сөзде көплеген материаллар жарияланған. Оның анасы Ҳүрлиман ҳаққында да оғыры көп мағлыўматлар баспа сөзде орын алғанлығы себепли толық тоқтап отырмаймыз. Ҳүрлиманнан— Қаражан, Қундызбай, Жаңабай, Қаллыхан ҳәм Генже туўылған.



5. Айымханның күйеўи Сейтназар деген киси болған. Бул қыз бақсы, шайыр болмасада, әкеси Бердақтың қосықларын намасына салып адам жоқта ыңылдап айтып жүреди екен. Оннан— Үббинияз, Сапарнияз, Гүлайым, Алланияз, Әжинияз, Ҳәкимниязлар дүньяға келген. Олар 1954-жыллардан бурын көпшилиги қайтыс болып кеткен. 1954-жылғы экспедиция ағзалары тек 63 жастағы Үббинияз бенен Қараөзек районы орайында ушырасқан. Оның Бийбайым деген қызы сол жыллары Нөкисте Пединститутта тарийх ҳәм филология факультетиниң IV-курсында оқып атырғаны ҳаққында мағлыўмат береди. Бийбайым пенсияда, бир баласы, төрт ақлығы бар.

Айымханның киши баласы Сапарнияз бенен 1954-жылғы экспедиция ағзалары ушырасқан. Қазақдәрьяда жумысшы болып ислейди екен. Сапарнияз шебер сазенде, ол дуўтарға жан ендирип, қулағының қурышын қандырып шертетуғын нәшели адам болып, Бердақ шайырдың барлық шығарған намаларын, тек ғана усы Сапарнияз толық шерткен.

1954-жылғы экспедиция мағлыўматлары бойынша Гүлайым Қараөзектиң бурынғы «Москва» совхозы Сталин бөлиминде жасайтуғынын мәлимлейди. Гүлайым бул ўақытта 46 жасында шайыр қыз атанып жүрген ўақытлары. Оның бригадирге, баслыққа, аўылдағы ўарсақы-әдепсиз адамларға арнап шығарған қосықлары елеге дейин ел аўзында. Гүлайым саз даўысқа салып қосық айтып, көбинесе Бердақтың намаларын жақсы өзлестирген.



**7-сүўрет.** Бердақ бабаның үлкен баласы Айекениң әўладлары ҳәм қызлары Ҳүрлиман, Ярымханның әўладлары.



6. Бийбиханнан— Алламберген, Камал және оннан Қудайберген деген бала болған дейди. Соннан Камалдан— Жамал, Азамат, Перийза, Бийбисәнем ҳәм т.б. урпақлар бар. Жамал Камалов Нөкис қаласында турады. Баласы Азамат техника бойынша қәнийге.

7. Бердақтың екинши ҳаялы Бағдагүл («Бахытлы») ден туўылған еки қыздың биреўи Гүлимханнан—Жийенкул, Досберген, Алланазар деген балалар туўылып, 1954-жылғы экспедиция мағлыўматлары бойынша Досберген, Жийенкуллар ертеректе өлип кеткен. Жийенқулдан бир бала қалған, ол «Кеңес» совхозы Сталин бөлиминде турады деп, мәлимлеме береди.

Гүлимхан дуўтарға жан ендирген күшли сазенде. Ол әкеси Бердақтың намаларының көпшилигин толық атқарып, шебер шертетуғын сазенде өз шаңарағында ғана дуўтар шертип шерин тарқатқан. Көпшиликке шығып саз шертпеген.

8. Бердақтың екинши ҳаялынан туўылған генжетай қызы Жарымхан әкесине тартып шайыр яки сазенде болмаған. 1954-жылғы экспедиция мағлыўматлары бойынша оннан еки қыз Хансулыў ҳәм Улбоған туўылған. Жарымханның қызы Хансулыў Шымбай районы бурынғы «Октябрьдиң 40 жыллығы» совхозында Коммунизм бөлиминде турады деп мәлимлейди. Хансулыў 1938-жылы ҚҚАССР Жоқарғы Советиниң депутаты болып сайланған. 1954-жыллары жоқарыда аты аталған бөлимде балалар бақшасының баслығы болып ислеп атырғанын билдиреди.

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген артист атағына ийе қосықшы Кеңесбай Ниетуллаев Хансулыўдың баласы. Хансулыўдың үлкен баласы Сәнетулла жоқары мағлыўматлы, Педагогикалық институтты питкерген. Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста. Олар Шым-

бай районы «Майжап» колхозының турғыны. Оның Қоныcбай, Нағметулла, Гәўхар, Қазыгүл деген перзентлери бар. Санетулла өзи сазенде, шайыршылық уқыбыда бар. Хансулыўдың қолында тәрбияланған Кеңесбай қосық айтыўға, саз шертиўге көбирек қызықты. Етегине салған баласын Хансулыў өз бабасы Бердақ сыяқлы бақсы болыўын әрман еткен. Кеңесбай бул ана әрманын орынлады. Ол Нөкиске келип Музыкалық училищеде оқып, оның қосықшы бөлимин питкерип шығып, Радио ҳәм Телевидение де қосықшы болып иследи. Ҳәзирги ўақытта Кеңесбайдың Радио ҳәм Телевидение архивинде 47 қосығы сақланған.

Кеңесбай Ниетуллаев 1941-жылы туўылған, ол 1991-жылы тосыннан, мезгилсиз қайтыс болды. Оның өмирлик жолдасы Қурбангүл балалары Дилбар, Батырбек, Ақсүңгүл, Саҳипжамаллар менен садық ер ҳәм әке нәсиятларына садық болып, оның шаңарағын гүллендирип атыр. Кеңесбай атқарған қосықлар елеге шекем радио ҳәм телевидениеден берилип турады. Оның қосықларын есиtиўге қуштар адамлардың саны көпшиликти қурайды. Кеңесбайдың бундай қосықшы болыўына бабасы Бердақтың тәсири болса керек.

Жарымханның екинши қызы Улбоғаннан— Дәметкен, Аймурат, Айпарша, Гүлхатша, Жеңисгүл туўылған. Аймураттан— Идиатдин, Салатдин; Идиатдиннен— Моятдин, Алишер, Жуматдин, Махаматдин; Салатдиннен— Сражатдин, Салтанат, Зернигара. Салатдин Минажов «Қарақалпақстан ҳаўазы» газетасының бөлим баслығы, ал Идиатдин болса Тахтакөпир районындағы «Дәўқара» (АХИА) Бердақ атындағы мектепте муғаллим. Айпарша дүньядан өткен. Оның ул-қызлары: Алмагүл, Шийрингүл, Айтмурат, Мырзахмет, Мийригүл, Бағдагүл, Толғанат.



Гүлхатша қайтыс болып, оның перзентлери—Алтын, Рахатлар Тахтакөпир хожалық жәмәәтинде жасайды. Жеңисгүл Қараөзек районы орайында өмир сүрмекте.

Биз Бердақтың сазенде ҳәм шайыр урпақлары ҳаққында тоқтап кеттик.

Енди Бердақтың билими ҳаққында информаторлар берген мағлыўматларға анық тоқтайық. Оның Қарақум ийшан медресесин питкергенлиги көбирек сөз болады. Биринщиден Қарақум ийшан XVIII-XX әсирлердиң басларында қарақалпақлардың руўхый ҳәм мәдений орайларының бири. Бул теберик орын Бозатаў районы аймағындағы «Қарақалпақ» хожалығы сорамында жайласқан. Ўақтында бул орынды дөгереклеп қарақалпақтың қоңырат улысының ири-ири руўлары қолдаўлы, қостамғалы, баймақлы, теристамғалы, мүйтен, ашамайлы ҳәм т.б. аўыллар қонысласқан. Мине солардың орайында орналасқан Қарақум орнында Қутлы Хожа Әзийз атлы билимдан, улама тәрепинен мешит-медресе салынады. Медресе пүткил қарақалпақ журты менен Хорезм ҳәм Түркменлер арасында ҳәм арқа шығыста көшпели қазақлар арасында кеңнен даўрығы шығады. Медресе китапханасында Қураный кәрим, Ҳадисий- шарип, Хожа Ахмед Яссаўий ҳикметлери, Сулейман Бақырғаний (Ҳаким ата) қосықлары, Нажматдин Кубра мийнетлери менен рубаийлары, Бахаўатдин Нақшбандий сөзлери, Суўпы Аллаяр ҳикметлери, қысса Анбия (Пайғамбарлар қыссасы), қысса Рабгузи, қысса Зулхарнай, қысса Ибн Сино, Фердаўсий «Шахнамасы», Қалийла ҳәм Димна, Кабуснама, Бабурнама, Наўайы «Хамса» сы, Бедил, Аттор, Мақтымқулы қосықлары ҳәм қарақалпақ фольклорының ҳасыл дүрданалары сақланған. Күнхожа, Бердақ, Өтешлер усы медреседе

тәлим алған[1]. Екиншиден, Бердақтың алыстағы арғы бабасы Карун Суўпыдан баслап тап Қарғабайға (Қалмухаммедке) шекем ҳәммеси билимдан, улама инсанлар. Мурат шайық усаған қарақалпақлардың руўхый басшысы менен заманлас жасаған адам Карун Суўпының жеке китапханасы болмады деўимиз ҳақыйқатлыққа жатпайды. Мине усы китапхана әўладтан-әўладқа өтип келген. Бердақ көпшилик мусылман мәденияты ҳаққындағы дереклерди усы бабаларынан қалған жеке китапханасынан үйренип өз билимин көтерген болыўы итимал. Бердақ өзиниң «Излер едим» қосығында Арасту (Аристотель), Афлатун (Платон) илимлеринен хабары бар екенлигин көрсетип өтеди. Аристотель ҳәм Платон мийнетлери Қарақум ийшан медресесинде бар еди, деген мағлыўмат ушыратпадық. Сонда әййемги грек философларының мийнетлери Бердақ шайыр қолына қалайынша түскени нәмәлим. Бизиң пикиримизше, Карун Суўпы жыйнап кеткен өз жеке китапханасында Абу Наср Фарабийдиң «Калом фи иттифок оро Абукрот ва Афлатун» (Гиппократ ҳәм Платон түсиниклериниң (көз-карасларының) бир-бирине туўры келиўи ҳаққында сөз), «Китоб ал- фалсафатайн Афлатун ва Аристутолис» (Платон ҳәм Аристотель философиясы ҳаққында китап), «Китоб ал-мабодий ал-инсония» (Адамзаттың басланғышы ҳаққында китап), «Калом лаху фи ал-илм ал илоҳий» (Абу Насрдың илаҳият ҳаққында сөзлери), «Китоб фи аҕроз Аристутолис фи Кулли вохид мин кутибиҳи» (Аристотельдиң жазған китапларының ҳәр биринде ол гөзлеген мақсетлер ҳаққында китап) ҳәм т.б. китаплары менен қатар, Шайх

1. Хожаниязов Г. Юсупов О. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. Нөкис 1994, 36-бет.



Нажмиддин Кубраның рубаийлары менен «Чаҳор аркон» («Төрт қағыйда»), «Ал-усул ул ашара» («Суўпышылықтың он тийкарғы қағыйдасы») және Абу Райхан Беруний, Абдурахман Жамий, Шайх Фаридиддин Аттор, Шайх Абу Бакр аш-Шиблий ҳәм басқалардың мийнетлери қәстерлеп сақланып келген болыўы мүмкин. Бабаларынан мийрас етилип сақланып келинген бул китаплардан Бердақ толық пайдаланып Шығыс Мусылман мәденияты дүрданаларынан өзи ынтық болып излеген нәрселерин таўып, руўхый азық алған деп айтсақ, ҳасла ҳақыйқатлықтан жырақ болмайды. Өйткени шайыр шығармаларының көпшилигинде бул данышпанлар пикирлери менен көзқарасларының тәсийри сезилип турады. Солай етип, Бердимурат (Бердақ) Қарғабай улы билимдан руўханый шаңарағынан шыққан әўладлардың бири сыпатында өзиниң Ислам мәдениятынан ҳәр тәреплеме хабардар болған өз заманының билимдан инсаны еди.

Бердақ шайырдың бабаларына жүдә жақын туўысқан Қулмурат суўпы әўладларының бири «Есен Қазы топары» аталатуғын тармақтың тийкарын салыўшы Есенгелди Қазы ҳаққында азғана мағлыўматлар менен оқыўшыларымызды таныстырып кеткенди жөн көрдик. Есенгелди Қазыда бабалары Қулмурат суўпы, Хожамберген «шаң тиймес» сыяқлы Хийўа ханына жақын адам болған. Ол ханның қарақалпақлар арасындағы ең исенимли адамларының бири еди. Қазылық иси менен қатар, Хийўа ханына қарақалпақлардың турмысы, сайлап қойған әмелдарлардың ис-ҳәрекетлери, және де елдеги сиясий аўҳалларға пуқаралардың қатнасы, бас көтерип қиятырған қарақалпақ бий, байлары менен батырларының хан сиясатына қатнаслары ҳаққындағы қупия мағлыўматларды да жеткерип турған болыўы итимал. Есенгелди

Қазының «хан дилўары» атын алыўы тегиннен болмаса керек, себеби «дилўар» парсыша сөз болып, қарақалпақша «кеўиллес», «күтә жақсы көретуғын», «сүйикли дос», «қәдирдан» деген сөзлердиң мәнилерин береди[1]. Ханға жағыныў деген әнейи инсанның қолынан келе бермейди. Сол себепли, Есен Қазы хаққында айтқан пикиримиз гүман туўдырмаса керек.

Есенгелди Қазының иниси Нажматдинниң урпақлары Қарақалпақстан Республикасының көзге көринген мәмлекетлик ғайраткерлери ҳәм илимпазлары болып жетилискен. Нажматдиннен—Шамшет; Шамшеттен; Нуратдин; Нуратдиннен—Палжан, Дәўлетбай, Сәрсенбай, Бийсенбай ҳәм Дүйсенбай туўылған. Нуратдин Шамшет улы урыс ҳәм мийнет ветераны. Ол көп жыллар даўамында Республикамыздың аўыл хожалығы мал шарўашылығы тараўларында басшы жумысларда иследи. Қарақалпақстанның арқа районларында, әсиресе Шымбай районында халық турмысын көтериўге искерлик пенен қатнасып көзге түскен инсан. Нуратдин аға Шымбай базарын, оның мал базарын тәртипке салыўда көп хызметлер етти.

Нуратдин Шамшет улының зайыбы Алламуратова Алмагүл 1930-жыл туўылып, ҳәзир II-топар майыплық напақа алып «бахытлы ана» ретинде ул-қызларынан әрбиген ақлық-шаўлықлары алдында Алла тааладан шаңарағының аманлығын тилеп отыр.

Дәўлетбай Нуратдин улы Шамшетов 1948-жылы 21-январьда Шымбай қаласында туўылған еди. 1971-жылы Андижан пахташылық институтын питкерип келгеннен баслап, Шымбайдағы Қарақалпақстан дийқаншылық илим

---

1. Ўзбек тилидаги арабча ва фарсча сўзлар луғати. Т. «Ўқитувчи», 1996, 77-бет; Қарақалпақша-русша сөзлик. М. 1958, 173-бет.



изертлеў институтында илимий жумыслар менен шуғыллана баслады. 1974-жылдан баслап басшы жумысларға араласты. Соннан 1991-1992-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының биринши орынбасары, 1994-жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы дийқаншылық илим-изертлеў институтының директоры болып, 1998-жылы сентябрь айында мезгилсиз қайтыс болғанынша, яғный өмириниң ақырына шекем сол жерде мийнет етти. Ол аўыл хожалық илимлериниң докторы, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты, ҳәм еки рет Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланды.

Нуратдин Шамшет улының төртинши перзенти Бийсенбай Нуратдин улы Шамшетов еки институт питкерген. Ол 1969-1974-жыллары ККПЕД институтының орыс тили ҳәм әдебияты факультетин питкерсе, ал 1976-1982-жыллары Андижан пахташылық институтының аўыл хожалығын механизацияластырыў факультетин сырттан оқып питкерген. 1978-жылдан баслап басшы жумысларда ислей баслаған. Пахташылық хожалықларында директор ҳәм Шымбай районлық аўыл ҳәм суў хожалығы басқармасының баслығы, 1993-жылдан аўыл хожалығы илимлериниң кандидаты. Әзийз әкениң бесинши перзенти Дүйсенбай Нуратдин улы Шамшетов прокуратура хызметкери. Ол бабасы Есен Қазының кәсибине жақын кәсипте ислеўши бирден бир урпақ. Солай етип, жумбақ инсан болған Карун Суўпы әўладлары қарақалпақлар арасында еле өзлериниң әзелден дарыған дәўлетли шаңарағын, мәртебелерин жоғалтпастан киятырған үрим-путақлар ҳәзирги суверенли Қарақалпақстан Республикасының ғәрезсиз Өзбекстан Республикасының бахытлы пуқаралары болып табылады.

## «ҚАРА БАҚСЫ» АЎЫЛҒА КЕЛДИ...

Бердақ бақсышылық етип қарақалпақлар арасын көп аралаған. Оны Шымбай, Кегейли, Халқабад, Қумшуңгил, Қуўаныпжарма, Жалпақ жап, Шақаман, Қазақдәрья, Қумөзек, Гөне жалпақ, Үсен аўыл, Шотбас аўыл елатлары «Қара бақсы» деп атаған. Оның Бозатаў ҳәм Шақаман елатларына Қара бақсы келгенде жақын елатлардан 7 жасар баласынан 70 жастағы ғаррысына шекем жыйналысып отырыспақ қурып, оны тыңлайды екен. Шама менен 1874-жылдың сүмбиле айының ақырында Қара бақсы (Бердақ) Шақаманға Сейит Камал хожаның аўылы Даўылбайға бақсышылық етип мийман болады. Бул елатлардың пуқаралары суўды аз талап ететуғын тарыны «Дәўкемпирге» егип, сол жылы тарысы жүдә болық болып, оны бос жүрген маллардан қорыў ушын гезек тутып адамлар қараўыллап турған екен. Қара бақсының қосығына берилген жаслар тары қорықтан қашып келип Бердақтың қосығын тыңлаған. Сол ўақытта қорықшылардың жоқлығынан пайдаланып аўылдағы ешеклер тары атызды айдап кеткен, сонда тары қорыған жигитлерден биреўи келип, Сейит Камал хожаға: «ата тарыны ешеклер жеп кетипти» деген хабар келтирген. Пүткил халық, балашаға сол тарының писиўин күтип отырғанлықтан Сейит Камал қатты ашыўы келип айтылған гәпке инанып, ғәзепке шыдамастан аўыл жигитлери менен бирге тарыны жеген ешеклердиң қулағын, қуйрығын кесе баслаған. Сол қулақ-қуйрығы кесилген ешеклердиң арасында Бердақ (Қара бақсы) шайырдың да жалғыз ешеги болған. Бердақ сол күни отырып «Хожам» атлы қосығын жазады — дейди педагогика илимлериниң кандидаты А. Ахмедова[1]. Ҳақыйқатында да, Бердақ өзиниң «Хожам» қосығын Сейит Камалға арнаған. Ол былай деп жазады:



Бул Хожаға жоқдур ҳамал,
Қулақ кескен Сейит Камал,
Көп ешекке берди мәлел,
Қулақ асып жеген Хожам.

Марҳум Отамбет Пирлепес улы, урыс ветераны, 80 жастағы Турғанбай аға Есназар улы, мийнет ветераны, 1-топар майып 78 жастағы Данияр аға Алламжар улы, мийнет ҳәм урыс ветераны 75 жастағы Жолдасбай аға Қаллиевлердиң аталарынан еситкен ядында қалған еске түсириўлерине қарағанда шама менен 1876-жылдың ҳәсет, сүмбиле айларында Қара бақсы Гөне жалпақ бойы Шотбас аўылындағы ағайинли үш жигиттиң тойына ат жиберип, шақыртыўына байланыслы келген. Себеп, Бердақ бабалары бул шаңарақлардың бабасы Тилепбай бийдиң жақын досты ҳәм қудасы болыўы. Тилепбай бий Карун Суўпының қызын баласы Хорлыбайға алып берип қуда болса, Карун Суўпының баласы Жақсылық баласына Хорлыбайдың қызын алып, қарсы қуда болған. Сонлықтан Бердақ бул шаңарақларға қуда бала ҳәм жийеннен туўылған жийен есабында ағайин-тамыршылық тәрепин билгенликтен мийман ҳәм тойлардың бас бақсысы ретинде шақырылған. Тосыннан үш ағайинли жигитлер бир айда үйленеди. Олар Мақсеттиң улы Пирлепес, Қосназар улы Сейтназар, Аллаяр улы Есназарлар. Усы үш тойды

1. Ахмедова. А. Бердақтың «Хожам» қосығының лирик қаҳарманы «Әмиўдәрья» №8, 1991, 95-96 бетлер.

Бердақ, Сүйеў, Артықбақсылар менен атқарған. Артық пенен Сүйеў бақсылар түйедей жас, дос ҳәм кәдирдан адамлар ретинде қатнасып турған. Қара бақсы атақлы Муўса бақсыны жақсы ҳүрмет еткен. Сол себепли, Артыққа оның өзи Муўса бақсыға шәкиртлик етиўге кеңес берген. Ал Сүйеў бақсы Гарипнияздың шәкирти екенлигин Қара бақсы жақсы билетуғын еди. Ол Сүйеў бақсыны елатлардан еситкен менен өзин биринши мәртебе усы үш тойда көрген.

Артық бақсы тойлардың арасы он бес күнлик дем алыс пенен хәсет айының ақырғы он күнлигинен баслап, сүмбиле айының ишинде ақырғы тойды тамамлаў керeклигин тойлар кеңесинде усыныс еткен. Буны аўыл ақсақаллары мақул көрген. Тойдың бас бақсысына Қара бақсыны шақыртыў керeклигин Мақсет усыныс еткен. Ал жәрдемши бақсыға Порсыдағы түркмен Сүйеў бақсы, Артықтың усынысы менен келген. Солай етип, Қара бақсыға, Сүйеў бақсыға бир ай бурын шақыртыўшы жиберилген. Солай етип Бердақ бул аўылға үшинши рет миймaн болады. Биринши мәртебе бабасы менен бала ўақтында келсе, екинши мәртебе Қарақум ийшан медресесинде талиблик ўақтында, ал үшинши мәртебе камалат жасында бас бақсы ретинде келип отыр. Оннан Артық пенен Сүйеў көплеген қосықларды, намаларды ҳәм дәстанларды үйренип алған. Бердақ бақсы бул тойға жолаўшылап киятырғанда жолда ушырасқан ўақыялар, адамлар ҳаққында «Қайда болыр» деген қосығын дөретип, оны биринши мәртебе Муўса бақсының намасына салып тойда атқарған. Оның мазмуны кеўилли кейиплерди билдиреди:

Аўыл қорыған яш жигит,
Келген жериң қайда болыр?



Аўылға болған бас жигит,
Сизиң аўыл қайда болыр?

Көзиме ысық көриндин,
Жүдә туўысқандай көриндиң,
Қай жерден, қай жерге келдиң,
Баян әйле қайда болыр?

Өзиң билгир шешен болсаң,
Яки елде меҳман болсаң,
Тезме тез жуўабын берсен,
Келген жериң қайда болыр?[1]

Бердақ бақсы бул аўылда еки ай мийман болып, үш тойда өз қосықлары менен қатар, өзи шығарған «Раўшан», «Айдос баба», «Ерназар бий» дәстанларын өзи дөреткен намалары менен атқарған. Атақлы шайыр ҳәм бақсыны ҳүрмет пенен мийман етип оны тойлардағы қосықларын ықлас пенен тыңлаған. Бердақ өзи шаршаған ўақытта, дем алыспа етип, тойдың қурындағы бақсышылықты гейде Сүйеўге, гейде Артыққа берип, олардың атқарған намаларына рәхәтленип отырған. Сүйеў бақсы түркменлердиң атақлы бақсыларының бири. Ол түркменлердиң шаўдыр руўының бозашы тийресиниң, көммеши Сейтназар мәканында туўылып өмир сүрген. Бул әралар Порсы, Шөра ҳәкимияты дәўириндеги Калинин районының әтирапы. Сүйеў бақсы қарақалпақлар арасына көп келип бақсылық еткен. Қарақалпақларда үлкен тойларға Сүйеў бақсыны шақыртып айттырыў дәстүрге айланған. Ол Халқабадқа яғный биз ҳәзирги айтып отырған елатларға жийи-жийи келип үлкен тойларды атқарып турған. Академик

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис «Қарақалпақстан», 1987, 113-114 бетлер.

А.Н. Самайлович Порсыда 1908-жылы, 58 жастағы (яғный 1850-жылы туўылған) Сүйеўдиң айтқанын тыңлағаны туўралы билдиреди. Сүйеў бақсы «Гөруғлы» дәстанының 12 шақабын ядтан билген ҳәм атқарған[1]. Бердақ бақсы Шотбас аўылындағы үйлениўлери сәйкес келип қалған үш жас жигиттиң тойына келгенде 48-50 жасларда еди, ал Сүйеў бақсы ҳәм Артық бақсылар жаңа 26-28 жасларға толған гезлери еди. Атақлы Муўса бақсының шәкирти Қытайдың Қазаяқлы руўының Мерген Қараған тийресинен шыққан Артық бақсы Худияр улы «Юсуп-Ахмед», «Ғәриб-ашық», «Гөруғлының қырмандәли» шақабын «Саятхан-Ҳамра» ҳәм т.б. дәстанлар менен бирге «Санаўбер» қыссасын шебер атқарған бақсы. Ол 1848-жылы туўылған. Оның туўылған жери Кегейли районы бурынғы «Шотбас» аўыл дейтуғын ҳәзирги «Халқабад» жәмәәтлик хожалығының «Қазаяқлы» аўылы.

Бул үш тойда да үш бақсы өз репертуарларында бар, жақсы қосық-намаларын шеберлик пенен атқарған. Тойшылар Сүйеў бақсыдан «Гөруғлы»ны еситип ҳәз етсе, Артық бақсыдан «Юсуп-Ахмед», «Саятхан-Ҳамра», «Ғәрип-ашық» дәстанларын, «Санаўбер» қыссасын еситип рәҳәтленген.

Бир тойлар арасы дем алыспасында Сүйеў бақсы менен Артық бақсы екеўи түйедей жас болғанлығы себепли ҳәзил-дәлкеклескен. Сүйеў Артыққа: «Ҳаялың қандай жоқлаў айтатуғын еди, мына Бердақ ағаның көзинше айтып бер» —дейди. Артық Сүйеўдиң бул ҳәзилин қолайсыз көрип, қысынып кетеди. Бирақ сыр берместен:

---

1. Айымбетов.Қ. Халық даналығы. Нөкис «Қарақалпақстан», 1988, 131-132 бетлер; Самойлович А.Н. Отчет о поездке в Ташкент, Бухару и Хиву в 1908. Известия русского комитета для изучения Средней Восточной Азий в историческом, археологическом, лингвистическом отношениях, СПБ, апрель, 1909, №9.



— Мен оның қандай жоқлаў айтып жүргенинен хабарым жоқ. Усы қатынлар бир нәрсени былғалақлап жүрмесе, ўақты хош болмайды. Билсең айтшы достым:

— Бердақ аға! Бул жоқлаў, сәл ҳаял адамға ийбе жүзесинен намақул болса да тәсийрли. Онда сизиң бабаларыңыздың атларыда барма, деп қалдым? Неде болса ядымда қалғанын айтып берейин. Буны атасы Худияр қайтыс болғанда айтып еди:

Шайық, әзийз аш-Шыблый,
Мәдаткары едиң атамның,
Хожа Ахмед Яссаўий,
Пири еди-аў бабаңның.

Бий бабаңыз Тилепбай,
Мурат шайық, Мамандай,
Елибай менен Карундай,
Бар еди-аў дослары бабаңның.

Аллаярдай ардақлым,
Худиярдай Хорданлым,
Қара көлге қаза салып,
Қарай алмай-аў кеткен әрманлым.

Бир баланды бақсы еттиң,
Бир баланды молла еттиң,
Бул исинди жақсы еттиң,
Ҳасыл екен-аў жатырың.

Бердақ аға! Қурдасымыз қатты қыйланған ба яки мына Артық айт деп үгитледиме, жылаў айтып отырып, барлық бабаларының, аталарының атларын дизип айта берген. Ар-

тық не қылып шыдап еле қатынын тасламай жүргенине ҳайранман!

—Бай-бай Сүйеў достым! Қойса, не айтады десем. Тасласам не болыпты, той тарқасын сендеги қурдаста қарық емес. Бердақ ағама айтпай-ақ қояйын деп едим. Адамның аўзын қыздырасаңда. Сендеги қурдас төркинине кетип қалып, екеўимиз барып бир жыл дегенде зордан әкелгенимиз қайда?. Қатынлардың қылўаларына адам түсинип болама? Оннан қала берсе түркмен ағайинлерде үйлениўге, ҳаял-қызларға арналған дәстүрлерде көп. Билмеймен, Сүйеўди жибермей қарақалпақ қызларының бирине үйлендирип қойып, аўылда алып қалсамба екен —деп, дуў күлисти. Бердақ сөзге араласып былай деди:

—Инилерим! Бизлер бақсышылық етип көбирек той мерекелерде боламыз. Үйлеримизде жүдә аз боламыз. Той-мерекелерге мирәт көп. Мине көрип турсыз, ағайинлеримди қыймай еки айдан берли усы жердемен. Ким билипти, мениң кемпиримде өкпелеп төркинине кетип қалмаса болар еди. Менде дайыларымның бир қызына үйленип, тойды және даўам еттирип жиберемен бе —деп отырман,—деп, ҳәммени күлкиге батырады.

—Бердақ аға! Артық аўылынан қыз бермесе, өзим сизди Порсыға алып кетемен. Түркменниң бир гөззал қызын алып берип, арғымақ атына мингестирип жиберемен. Жүр кеттик, Бердақ аға! —деп Сүйеў, адамларды оннан бетер күлдиреди.

—Мирәтиңе рахмет иним! Қоягөр тынышыма елиме қайтайын! Өзимниң үйде қалған шабазымнан гөззал нашар енди маған табылмас. Мәўсимим өтип баратыр, инилерим. Ендигиден былай сизлер мененде көрисе аламанба я жоқпа оны бир Алланың өзи биледи. Буғанда мың қатла шүкир, Аллаға! Сизлер менен дийдарласып мың



жасап қалдым, —деп Бердақ бақсы еки жас бақсыға өз рийзашылығын билдирген.

«Шотбас» аўыл менен «Көллик» аўылда болған бул тойларда бас бақсылық хызметин атқарған Қара бақсыға той ийелери өзлериниң той сарпайларын берип, оның астына бедеў ат, үстине тон-шапан, жетегине саўын сыйыр ҳәм қой, ешки жетелетип, қасына аўылына апарып таслаўға аўылдың карыўлы үш жигитин қосып «келген кәдемиңиз қутлы болсын, жаслар өнип өскей», деп ел ақсақаллары ақ пәтия берип узатып салған. Усы тақлетте түркмен бақсысы Сүйеў бақсыны да Порсыға аман жетиўи ушын Әмиўдәрьядан өткерип салыўға аўыл жигитлеринен екеўин жолдас етип жиберген.

Бул тойларға еле шәкиртлик сынағында жүрген қазаяқлының мырзай тийресинен шыққан келешекте атақлы бақсы болатуғын Шерназар Оразбай улы иниси Баўбек пенен қатнасқан. Артық бақсы Бердақтың арғы атасы Карун Суўпының досты Тилепбай бийдиң урпағы болса, ал Шерназардың шежирелик кестеси төмендегише, ол Мырзай тийресиниң пайда болыўынан басланады: Жанай(1)—Жақанай(2)—Мырзай(3)—бул баласы тийреси— Сырымбет(4) Сырымбеттиң— Абди, Амандали, Берди, Матжанбай, Оразбай, Ерназар деген алты ер баласы болған. Соннан Абдиден— Баллы, Айтбай туўылса, Амангелдиден— Палўанияз, Аллан туўылған; Бердиден—Төремурат, Қалбай, Пердебай туўылған болса; Қалбайдан—Жолдасбай; Оразбайдан— Шерназар бақсы туўылған. Шерназар бақсы дәслеп Муўса бақсының, кейинирек Артық бақсының шәкирти болады. Оны Бердақ тойда сынап көрип, ақ пәтия берген.

Солай етип, Ақымбет бақсының шәкирти Муўсадан тәлим алған Артық бақсы Худайберген, Аннакул, Есжан

бақсы Қосполат улын тәрбиялап шығарған устаз. Ақымбет бақсы Бердақ бақсығада устазлық еткен. Бердақтың шәкиртлери Қәдиримбет ҳәм Ҳүрлиман. Қәдиримбеттиң шәкиртлери Қурбан ҳәм Бердақтың қызы Ҳүрлиманның баласы Қаражан. Қурбан бақсы Айтжан Қожалапес улын Қаражан бақсы болса Жүсип бақсыны тәрбиялап шығарған. Түркмен бақсы Сүйеўдиң шәкиртлери Атажан, Әмет ҳәм Жумаш бақсылар. Сүйеў бақсының шәкирти Әмет атақлы Жалақ бақсы Шамуратовқа устазлық қылған. Ал Шерназар бақсы Артықтан кейинги Есжан бақсы Қосполат улын ҳәм Сапар бақсыны тәрбиялап камалға жеткерди.

Қара бақсы (Бердақ) Артық, Сүйеў ҳәм Шерназар бақсылардың да руўхый мәдет берген устазы болып есапланады.



## «ЖАРЫҚ ЖУЛДЫЗ» УРПАҚЛАРЫ

**«Қазақ Абай, түркмен Мақтымқулы, қарақалпақ Бердақ-Орта Азия даласының үш жарық жулдызлары».**

**«Дружба народов» журналы.**

Адамзат жәмийетиниң қайсы бир тарийхый дәўирин алмайық, онда өзи жасаған заманның жәмийетлик мәплери менен турмыслық жағдайларын, инсан дүнья танымы менен көз-қарасын, билими менен илимин, миллий идеологиясы менен психологиясын, Ўатанға садықлығы менен мехри-шабхатын, халық мухаббаты менен әрманларын, дәстүрлери менен үрип-әдетлерин, әдиллик пенен әдалатсызлығын, жақсылық пенен жаманлығын, ҳүждан менен наҳақлығын, қанаатсызлыққа толы қулқыны менен нәпсисин, ийманлылық пенен инсабын, сатқынлық пенен зинахорлығын, қыянатшылығы менен өсекшиллигин айқын сүўретлеп хатқа түсирип улыўма адамзатлық қәдириятлардың руўхыйлық дүньясына арқаў етип байытып, келеси әўладларға мийрас етип қалдырып кеткен алым-билимданлар, ойшыл-даналар, қудай туўма илҳам берген шайырлар, ушырма сөзли шешенлерди көплеп ушыратамыз. Олар дүнья, тәбият, жәмийет ҳәм адам, оның ишки дүньясы ҳаққында ҳәр қыйлы көз-карасларда болыўына қарамастан өзи жасаған заманының ўәкили, өз халқының садық перзентлери болды. Бул бийик тулғалар өзлериниң жоқары адамгершиликли пазийлетлерин шығармаларында сәўлелендирип халық сүйген уллы инсанларға айланды. Халық бул «Жарық жулдыз»ларын әсирлер даўамында яд етип, мәңгилик шоққысы дәрежесине көтерип, әлпешлеп, өзийз инсан ретинде ҳүрметлеп,



**8-сүўрет.** Бердақтың шаўлығы Нағыйма, күйеўи Алланияз ҳәм балалары Байрам, Баҳадыр, Диларам, Нуржамал, ақлықлары Наргиза, Саламат, Гүлнарлар менен.





**9-сүўрет.** Бердақ бабаның қуўлықлары Дилбар, Муҳаббат, Зульфия, Гүлзар.



10-сүўрет. Бердақ бабаның әўладлары.



олардың изине қалдырып кеткен мийрасларынан руўхый азық алмақта. Солардың бири, ҳәр бир қарақалпақ ушын теберик әзийз инсан, әлем аспанындағы жарық жулдызы Бердақ (Бердимурат) Қарғабай улы болады. Оның ийелеген мәңгилик шоққысы улыўма адамзатқа мудамы ҳақлық жолын көрсетип туўрылық нурын шашып тур. Буны әзийз бабамыздың өзиде әрман етти.

Бәршени яратқан қәдир қудайым,
Берсең бул бендеге, ҳақлық жолын бер.
Игри жүрсем артар мениң гүнайым,
Бул қәлбиме туўрылықтың нурын бер.[1]

Туўрылық нурын шашыўшы жарық жулдыз қарақалпақтың дүнья халықлары ишинде орны гиреўли, әзелден бар, әййемги халық екенлигин ҳәм өзине тән миллий руўхыйлығына ийе болған әлемлик нышан болып хызмет етеди. Өзлигин анық көрсетиўши әлемлик нышан хызмети соннан ибарат, бабамыз улыўма адамзатлық қәдириятлардың руўхый дүньясына өшпес нур болып кирген мийрасларында қарақалпақтың миллий тәрийплерин мақтаныш етип жырлаўдан ҳасла тоқтаған емес. Бердақ мийраслары қарақалпақ миллий идеологиясының негизги өзеги, миллетти миллет етиўге хызмет еткен, оны бирлестириўши байрақ ретиндеги дәреклердиң жыйындысы. Себеби, оның мийрасларында қарақалпақлардың әсирлер даўамында қәлиплескен дүнья танымы менен көз-қарасы, психологиясы, дәстүрлери менен үрип-әдетлери, халық мухаббаты менен әрманлары ҳәм идеялары өз көриписин тапқан. Бул жерде Президентимиз И.А.Каримов-

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис «Қарақалпақстан» 1987, 48-бет.

4-107

тың «Тафаккур» журналының быйылғы жылғы №2 санында жәрияланған «Жәмийетимиз идеологиясы халықты-халық етиўге хызмет етеди» деген атамадағы усы журналдың бас редакторының сораўларына берген жуўапларында «миллий идеология-миллетти бирлестириўши байрақ..., миллий тарийхымыз ҳәм улыўма азаматлық раўажланыўына умытылмас үлес қосқан алым-билимданлардың идеология ҳәм оның жәмийет тиришилигиндеги әҳмийети ҳаққында қалдырған илимий мийрасы, дүньяға философиялық көз-қарасларын ҳәр тәреплеме үйрениў дәркар»[1] деген терең илимий мәниске ийе сөзи миллий идеологияны қәлиплестириў процессинде оғыры үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көрсетеди. Президентимиздиң республика зыялыларының алдына қойған ўазыйпалары оғыры жуўапкерли мәселелерди шешиўге қаратылған. Сол себепли усы ўазыйпаны алдымызға мақсет етип қойып, Бердақтың Шығыс халықлары мәдениятының раўажланыўына қосқан үлеси, оның өмири ҳәм дөретпесин сәўлелендириўге тиккелей қатнасы бар мәселелерге де тоқтап кеткенимизди жөн көрдик. Себеби, Бердақ шығармаларында халқымыздың тарийхы ҳәм миллий идеологиясы сәўлеленген. Соның менен қатар, ол адамзатлық, миллий, диний ҳәм шынжырлық шежирелердиң аса билимданы болған. Оның «Шежире», «Айдос баба», «Амангелди», «Ерназар бий», ҳәм т.б. шығармаларында халқымыздың тарийхы болмысы, сол жәмийет идеологиясы, халықтың оған әмелий қатнасы анық ашып берилген. Ол қалдырған мийраслар қарақалпақты халық, миллет етиўге хызмет еткен миллий идеологиямыздың өз дәўирине сәйкес қәлиплесиў процессин ҳәр тәреплеме терең үйрениўге болатуғын тарийхый дереклерге бай. Биз 1998-жыл 20-жаўзадағы (майдағы) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Бердақ (Бердимурат) Қарғабай улының туўылған күниниң 170 жыллығын белгилеў ҳаққындағы» қарарында көрсетилген оның өмири ҳәм дөретпесин сәўлелендириўши көрсетиўлерди, еситтириўлерди, мақалаларды шөлкемлестириў «ҳаққындағы белгиленген ўазыйпалардан руўхлана отырып, бабамыздың урпақлары ҳаққында мүмкиншилиги барынша жаңа дереклерди газета оқыўшыларына таныстырыўды мақул көрдик. Бунық нызамлы еки тәрепи бар. Биринщиден, 1998-жыл Республикамыздың пуқаралары ушын «Шаңарақ жылы». Сонлықтан Бердақ урпақларының шаңарақлары ҳаққында сөз етиў қалыс саўаплы ис. Екиншиден, бул жыл бабамыздың туўылғанына 170 жыллығын байрамлаўдан ибарат салтанатлы тойлар жылы болып есапланады. Бул тәрептен бабамыз руўхын шад етип оның урпақларын ядқа алып, ҳәзирги жасап атырған әўладларын жәмийетшилигимизге таныстырып, қутлықлаў яднамамыз болады.

1. «Ватанпарвар» газетасы, 13-июнь 1998-жыл.



Халқымыздың қутлы шаңарағының ҳәр тәреплеме гүлленип, беккемлениўине Президентимиздиң дыққат аўдарыўы турмыс абаданлығының гиреўи. Ҳәр бир пуқара шаңарағының пайда болыўының өтмиши болған әўладлық шынжыры-шежиреси бар. Бизлерге жети атабабамызға дейин билиў әўелден шәрт болып келген. Усы тәрептен алып қарағанымызда Бердақ бабамыздың ҳәзирги урпақларында Республикамыздың басқа пуқаралары сыяқлы шаңарақлық жетискенликлери, тәшўишлерине ийе. Олардың ҳәзирги бахытлы ғәрезсизлик заманындағы шаңарақлары, турмыслық жағдайлары менен пуқараларымызды таныстырыў өзийз бабамыз руўхы алдындағы саўаплы ислеримиз болыпта табылады.

Китапшамызда және бир ескертип кететуғын нәзик нәрсе сол, олда болса, бабамыздың әўладларының турмыслық, шаңарақлық қатнасларын сөз еткенде, олардың руўлық байланысларын анықластырып берместен, улыўма пуқаралық қатнасты баслы мәселе етип қойып, руўларға тәнлик тәреплерине әҳмийет бермеўди мақул көрдик. Буның ушын китап оқыўшылары айыпламас деген үмиттемиз. Себеби, бизиң мақсетимиз кимниң қайсы руўдан шыққанын, яки туўылғанын анықлап бериў илимий этнографиялық мәселени шешиў емес, ал улыўма бабамыздың ҳәзирги жасап атырған урпақлары оның қайсы әўладына тийисли екенлигин анықлап бериўден ибарат улыўма адамзатлық қәдириятларды беккемлеўши принциплер көзде тутылды..

Әзийз бабамыздың ер балаларынан болған әўладлары ҳаққында сөз етеди екенбиз, булар жөнинде баспа сөзде жәрияланған дереклерден тысқары, оның әўладларын жақсы билетуғын, бул мәселе бойынша жақсы дереклерге ийе, олар ҳаққында толық мағлыўматлар топлаған естияр, қаты-қулақ адамлардың дала жазыўларына, үй архивине қәстерлеп сақлап қойған шынжырлық мағлыўматларын негиз етип алдық. Усындай жаңа дереклерди жыйнаўдың жан күйери болғанлардың бири шайырдың үлкен баласы Айтмамбеттен (заманласлары Айеке депте атаған) туўылған ақлығы Мәмбетназардың қызы Муслиманың 1949-жылы туўылған туңғыш қызы Исаева Нағыйманың күйеўи, ишки ислер министрлигиниң бурынғы хызметкери, аға лейтенант, МАЙ аға инструкторы болып ислеген, 1946-жылы туўылған, ҳәзир бул хызметлери бойынша дем алыста болып атырған Қдыров Алланияздың өзи жыйнаған дереклерден ҳәм шайырдың әўладлық тәрийпин жақсы билетуғын, журналист Жамал Камаловтың жыйнаған жазба мағлыўматларынан, бабамыздың аталас ағайинлериниң әўладлары болған қатықулақ жасы үлкенлер болған, ҳәзир П.Сейтов атындағы хожалық жәмәәтинде турыўшылар, 1902-жылы туўылған Байнияз ағадан, оның инилери 1913-жылы туўылған Сапарбай ҳәм Ийгилик ағалардан, және Нөкис қаласы «Орақбалға» киши районында турыўшы 1902-жылы туўылған Мәмбеталы аға Жаббаровтан Қдыров Алланияз жазып алған дереклер менен салыстырып, туўрылығына исеним пайда еткеннен кейин қолландық. Бәринен де бетер, шайыр әўладларын толық анықлаў исинде бабамыздың жоқарыда атап өткен ақлығы Мәмбетназардан туўылған шаўлығы Өтесиннен Алланияз Қдыров тәрепинен жазып алған дереклерди тийкарғы мағлыўмат ретинде пайдаландық. Өтесин берген дереклердиң туўры-инанымлығын тастыйықлаў ушын, усы шайыр шаўлығының 1998-жылы 15-апрельде қайтыс болған жаназа намазына қатнасыўға келген Бердақ әўладларының барлығы, және аталас ағайинлери, аўылласлары менен жүзлесип, гүррңлесиўге Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген журналист, шайыр Халила Дәўлетназаров, журналист Сағындық Жаниев, марҳумның улы Асқар ҳәм Алланияз Қдыровлар қатнасып Бердақ шайырдың урпақлары ҳаққындағы ҳәзирги баспа сөзде жәрияланған, және кейинги ўақытларда бабамыздың урпақлары ҳаққында гүрринлесиў арқалы жазып алынған дереклердиң дурыс-надурыслығы анықланады. Мине усындай қайта-қайта салыстырыўлар, айқынластырыўлар негизинде биз төмендеги әўладлық шежире болған урпақлық шынжырға, оның анық тәрийплемесине ийе болдық. Әўладлық шежирени биз биринши мәртебе Бердақтың өзинен басладық. Ол

1877-жылы «Ақмақ патша» дәстанында, оның кирисиў бөлиминде өзи ҳаққында былай дейди:

Әўелҳа болып атадан,
Туўдым қәдирли анадан,
Шықтым сақлаўлы ханадан,
Қуўаныпты атам сонда-ақ.[1]

Уллы шайыр баспада шыққан шығармаларында басқа ҳеш бир өзиниң әўладлық шежиресин, өз ата-бабалары ҳаққында анық баян етпейди. Жыйналған дереклерге сүйенсек, оның арғы бабасы Тинет, берги атасы-әкеси Қарғабай болған. Бердақтың әўладлық шынжырын урпақлық буўыны жетинши әўладқа, яғный урпаққа ийе.

Биз шаңарақ жылы Бердақ бабамыздың урпақларының биреўиниң шаңарағын үлги есабында алып қарап, оның әўладлық тәрийпин толық түсиндирип бериўимиз ақылға сай саўап ис деп есаплап, басқалары ҳаққында дәслепки бапта сөз еттик. Сонлықтан, биз усы бапта тек бабамыздың туңғыш баласы Айтмамбеттен болған ақлығы Мамбетназардың урпақлық кестесине дыққат аўдардық.

Бердақ шайырдың ул перзентинен болған ақлығы Мамбетназардан—Назлымхан, Әнжимхан, Өтесин, Муслима, Минайым, Турдыбийке деген алты шаўлығы болған. Шаўлығы Назлымханнан—Көшкинбай, Жолдасбай, Байтурсын, Әдилбай, Баҳамдулла атлы қуўлықлары болса, екинши шаўлығынан, яғный Әнжимханнан—Бегис, Шыңғыс, Ильман, Сайыпжамал, Иннамин, Нуржан, Гүлжамилалар болса, ул-шаўлығы Өтесиннен—Асқар, Жаңабай, Жумабайлар туўыл-

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. 1987, 179-бет.



ған. Үшинши қыз шаўлығы Муслиймадан—Нағийма, Турсынгүл, Бағдагүл, Турдыбай, Бахтияр, Пердебай ҳәм Ережеплер туўылса, төртинши қыз шаўлығы Минайымханнан—ул-қыз жоқ. Бесинши қыз шаўлығы Турдыбийкеден—Базархан, Гүлимхан, Жолдас, Көмекбай, Мақсет, Сарсенбай ҳәм Жоллыбайлар туўылған.

Бердақ урпақларының ҳәммесин толық қамтып шығыўды китабымыз мақсети етпестен, оның шаўлығы Муслиманың шаңарағынан өрбиген қуўлықларына тоқтаўды жөн көрдик. Мамбетназарова Муслима Қоңырат районында жасады. Ол 1985-жылы қайтыс болды. Оның күйеўи Исаев Аўезберген болып, ол 1923-жылы дүньяға келген. Урыс майыбы. Ҳәзирги ўақытта Қоңырат районы, гөне қаласында жасайды. Қоңырат пахта заводында 45 жыл даўамында қабыллаўшы болып ислеген. Ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста. Аўезберген ағаның Муслима екеўинен болған үш қыз, төрт ул, яғный жети перзент бар. Усы перзентинен отыз жети ақлық, бес шаўлығы болып, Бердақ бабамыздың тек бир ғана шаўлығы Муслимадан 42 урпағы бар екен. Енди, биз, усы шаңарақтан өрбиген қуўлықларына тоқтасақ, олардан Исаева Нағийма (бул қыздың күйеўи Алланияз Қдыров ҳаққында жоқарыда айтылды) орта мағлыўматлы медициналық қәнийгеликке ийе. Ҳәзир ол Нөкис қаласындағы №3 поликлиникада көзи әззилер жәмийетине қараслы медпунктте медсестра болып ислейди. 1970-жылы турмысқа шығып алты қыз, еки ул, яғный сегиз перзентли болған.

Алланияз Қдыров пенен Нағийма Исаеваның шаңарағы үлги аларлық босаға. Олар Нөкис қаласы Қутым Оразов атындағы көшениң көп жыллардан берли турғыны. Бул шаңарақтың үлкен қызы Дилбар Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң фило-

логия факультетин табыслы питкерип, мектепте муғаллим болып ислеп атырса, екинши қызы Рысбийке есапшы кәнийгеси. Ал үшинши қызы Мухаббат колледжде есапшы кәнийгелигин тамамлап болып Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Дене тәрбиясы» факультетине оқыўға кирип, ҳәзир оның III-курсында айрықша баҳалар менен оқыйды, ол быйылғы 1998-жыл Наўрыз байрамына арналған көрикте биринши орынды ийелеп (жеңил атлетика бойынша) ҳүрмет жарлығына миясар болған болса, және ол кәсиплик аўқамның «Универсиада-98» жарысында қатнасып алдыңғы орынды ийеледи. Қарақалпақстан сайланды командасы «Қырық-қыз» қызлар футбол командасының ойыншысы, II-дәрежели диплом, гүмис медаль менен сыйлықланған. Нағыйманың төртинши баласы Байрам әскерий хызметин өтеп атыр, бесинши баласы Бахадыр болса Колледждиң есап-санақ бөлимин питкерип, орайлық базарда контролерь болып ислесе, алтыншы перзенти Диларам Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында химия ҳәм биология факультетиниң III-курс студенти, жетинши қызы Зулфия пайтахтымыздағы бабасының атына қойылған мектепте 10-класста ҳәм ең генжетай қызы Нуржамалда усы мектептиң 3-класында оқыйды. Соның менен қатар, Алланияз бенен Нағыйманың перзентлеринен бес ақлықлы болып оларда мектеп жасына шамаласып қалған.

Бердақ бабамыздың кәсибин ийелеген урпақлары ҳаққындағы тәрийплемелерди өз алдына сөз етиўди кейинге қалдырып, оның урпақлары даўам етип атырған кийели шаңарақларының бирин китап оқыўшыларымызға



таныстырыўдың жуўмақлаўын Бердақ бабамыздың өзине берип, руўхын шад етиўди мақул көрдик:

Мен аллаға дад етермен,
Кәмбил пирди яд етермен,
Өтирик айтып нетермен,
Кеўлимде әрманым мениң.[1]

Бабамыз әрманын халқымыз иске асырып ғәрезсизликке еристи, урпақлары болса оның кийели шаңарағын жықпай оның урпақлық кестесиниң шынжырын үзбестен қутлы босағасын гүллендирип атыр.

Қарақалпақ халқының «Жарық жулдызы» болған Бердақ шайырдың урпақлары ҳаққындағы тәрийплемемизди тамамлар екенбиз, ҳәр бир пуқара шаңарағының ҳәзирги турмыслық көринисиниң мысалларын да ҳәммеге тән тәреплеринде сөз еттик. Руўхый қәдириятларды ҳәр тәреплеме жетисип, қәлиплесиўине шаңарақтың тәсийри оғыры жоқары. Соның ушында, Президентимиз «руўхый қәдириятлардың және бир қудиретли дәреги традициялық шаңарақ ҳәм ағайинлик қатнаслар әдебинен ибарат. Жасы үлкенлерди ҳүрмет етиў, өз-ара жәрдемлесиў, келешек әўлад ҳаққында ғамхорлық етиў мудамы оның тийкарғы қағыйдалары болып келген»[2] деп атап өткениндей, Бердақ урпақлары шаңарақлары да, бабасының жолын қуўып, халқымыз руўхыйлығын жетилистириўге өз үлеслерин қосып атыр. «Таза ашылған гүллери»

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис. 1987, 157-бет.
2. Каримов.И.А. Узбекистон XXI аср бусагасида: Хавфсизликка тахдид, баркарорлик шартлари ва тараккиет кафолатлари. Тошкент, «Узбекистон» 1997, 146-бет.

болған өз әўладларынан Бердақ бабамыз усыларды күткен еди. Ол былай деген:

Қуўат бергей алла, нәзик беллере,
Мәдет бергей, таза ашылған гүллере,
Бахыт келермекен, бизиң еллере?
Өлгенше айтарман, сөзди халық ушын.[1]

Бердақ бабамыз әрман еткен бахыт, бизиң елимизге келди, оның халқы ғәрезсизликке ерисип, дүнья халықлары арасына кеңнен танылып атыр.

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1987, 78-бет.



## БЕРДАҚ ҲӘМ «ШАР КИТАП»

**«Бердақ Наўайыдан саўат ашқан соң,**
**Ҳәмде Физулиден дүрлер шашқан соң,**
**Мақтымқулы оның бәнтин басқан соң,**
**Елде әдалатлық орнапты деймен.»**
**(Т.Қабулов. «Бердақла деймен» қосықлар дүркининен)**

Өтмиште жасаған уллы ойшыллар ҳаққында бир сөз айтыў, үлкен-киши илимий, яки көркем шығарма жазыў оғыры мүшкил ис. Себеби, олардың өмири, басып өткен жолы сол өзи жасаған заманға ийкемлескен ҳәм оғыры қайшылықлы. Сонлықтан, уллы ойшыл бабамыз Бердақ (Бердимурат) Қарғабай улының өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери нәтийжесинде бина болып, бизге келип жеткен бийбаҳа мийраслық мийнетлерине баҳа бергенде, оның қылған ислерин ақыл тәрезисине салып, ойшыл жасаған дәўир шараятынан келип шыға отырып баҳалаў керек. Биз ҳәзирги заман мәплери менен талаплары дәрежесиндеги ой-пикирлерде турып ҳәр қандай ойшылдың өмири, яки шығармалары ҳаққында сөз етеди екенбиз, мына принциплер дыққатымыздан шетте қалмаўы тийис. Олар, **биринщиден,** ойшылдың өз заманында ҳүким сүрген жәмийетлик қатнасларға, заманласларының жақсы нийеттеги ис-ҳәрекетлерине берген баҳаларына ҳәм нәсиятларына, және улыўма адамзатлық қәдириятларға жат, яғный әдеп-икрамлылық принциплерине қайшы келетуғын намақул ислерди өткир сынға алыўларына мәни бериўде әдиллик шегинен шығып кетпестен дурыс баҳа бериўимиз лазым. **Екинщиден,** миллий идеологиямызды буннан былайда жетилистириўде олардан кеңнен пайдаланыўымызда миллий руўхыйлығымызға сәйкес келетуғын

заманымызға сай мийраслық үлгилерди көбирек итибарға алыў бас мақсетимиз болыўы керек. Себеби, бул мийраслар руўхыйлылығымыздың тийкарғы өзеги. Өйткени, ғәрезсизлик шарапаты, Ўатан түсиниги өзиниң ҳақыйқый мәнисин ҳәм орнын, миллий руўхыйлылығымызды қайта тиклеў арқалы таппақта. Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов «ғәрезсизлик миллий мәдениятты ҳәм руўхыйлықты тастыйықлаў, қарақалпақ халқының классик шайырлары Бердақтың, Әжинияздың дөретиўшилик мийрасын толық қайта тиклеў, олардың жарқын естелигин мәңгилик етиў ушын жол ашты»[1] —деп орынлы баҳа берди.

Қарақалпақ халқының миллий мәденияты менен руўхыйлығының өзеклери Ислам дини ҳәм Шығыс мусылман мәденияты менен беккем байланысып кеткен. «Ата-бабаларымыз дини болған Ислам динимизди қәдирлеў, — деген еди, Президентимиз И.А.Каримов, —оның тәлийматы ҳәм тәсийри өмиримизди, руўхылығымызды жаңа мәни менен толтырыўға хызмет қылмақта. Буны ҳеш ким бийкар ете алмайды»[2], — деген руўхландырыўшы сөзлерин басшылыққа алыўымыз мақаламызда қойылып отырған мәселеге дурыс бағдар береди.

1997—1998-жыллар баспа сөзимиз өзиниң көплеген бетлерин Бердақ бабамыздың 170 жыллығына арнады. Газета-журналларда, радио-телевидениеде оғыры бай мазмундағы баҳалаўларға, илимий мақалалар менен көркем сүўретлеўлерге, және де терең тәсийрли мазмундағы еситтириўлер менен көрсетиўлерге ийе материаллар берилди.

1. Каримов.И.А. «Жаңаша ойлаў-дәўир талабы», «Еркин Қарақалпақстан», 19-июль, 1997-жыл.

2. Каримов И.А. Истихлол ва маньавият. Тошкент, «Узбекистон», 1994, 19-бет.



Бул бабамыз Бердаққа болған ҳүрметимиз ҳәм оның руўхын шад ететуғын шын кеўилимизден шыққан сүйиспеншилигимизди билдирген еске түсириўлер болып есапланады. Усындай мақсетти гөзлеп жазылған мақалалардың бири, «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 1997-жыл, 14-август санында жәрияланған ҚАРМУ дың IV-курс студенти Шийрин Жумамуратованың «Шар китапқа қушақ ашқан шайыр» атлы ҳәм «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 1997-жыл, 25-сентябрь санында жәрияланған Табысқан Қанаатовтың «Өткенимизге бағып, өшкенимизди жағайық ... яки Бердақ шығармаларындағы тарийхый шынлықлар туўралы» атлы көлемли мақалаларында Бердақ бабамызға сүйиспеншиликлер, «аяўлар» менен бир қатар, оның «Излер едим» атлы қосығының бир бөнтиндеги биринши қатардағы бир ибараның «надурыс» жазылып кеткенлигине арналған. Ол Бердақ таңламалы шығармалары топламында былайынша ҳәр тәреплеме дурыс жазылған еди:

«Шар китаптан» тура қаштым,
Наўайыдан саўат аштым,
Физулиден дүрлер шаштым,
Дилўарларды излер едим.[1]

Авторлар «Шар китаптан» тура қаштым» деген қосық қатарының «тура қаштым» деген ибарасы Бердақтики емес, Шоралар заманында өзгертилген деген бөнелерди айтып, оны «Шар китапқа» қушақ аштым», ямаса «Шар китапқа» турақ аштым» деген мазмунларға ийе дәрексиз, исенимсиз ибаралар менен алмастырғанды мақул көреди.

1. Бердақ, Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987-жыл, 116-бет.

Болмаса Бердақ дининен безип тур, яки «Шар китап» усаған илаҳий китаптан безип, «Таўрат», «Забур», «Инжил» усаған Алла-таала инам еткен кийели китаплардан «тура қашқан» есапланады, деген өкинишлерин билдиреди. Усындай мазмунға бағдарланып жазылған мақаласының атын Ш.Жумамуратова «Шар китапқа» қушақ ашқан шайыр» деп атайды. Шәкирт устазы үйреткенинен озып қайда барсын! Ол былай деп жазады: «Белгили алым Камал Мәмбетовтың көрсетиўинше «Шар китап» бизинше «төрт китап» дегенди билдиреди. Демек, Қудай-таала тәрепинен жердеги инсанлар ушын төрт илаҳий китап инам етилген. Олар Муўса пайғамбарға берилген «Таўрат», Даўыт пайғамбарға берилген «Забур», Ийса пайғамбарға берилген «Инжил», Мухаммед пайғамбарға берилген «Қуран». Қандай күлкили биймәнилик! Шәкирт усы төрт илаҳий китапты Бердақ айтқан «Шар китап» деп түсинеди. Оннан қала берсе, илаҳияттан жоқары мағлыўматқа ийе бабамыз Әжиниязды буның дурыслығына гүўа тутып, оның руўхын ғәзеплендиреди. Мақала авторы өз устазы болған, араб, фарсы дәреклеринен хабардар алымды алдына қалқан тутады!

Және, Қоңырат районынан Өмирбай Ембергенов 29-сентябрь 1998-жыл шыққан «Еркин Қарақалпақстан» газетасының №116-санында «Бабамыздың бийбаҳа мүлки» деген мақаласында Юсуп Мухаммед-Садық улының мағлыўматларын пайдаланып «Шар китап» атларын «Намихан», «Бидиян», «Наńду-нэмэ», «Мухаматун муслима» деп надурыс атамаларды берип, оқыўшыларды шатастырады. Бердақ оқыған, булардан қашпаған, усы китаплардан руўхый нәр алып, авторларын устаз тутқан, — деп, автор тәрепли ой-пикир бере алмаған.



Негизинде ҳеш ўақытта да, Алла-таала инам еткен илаҳий төрт китап «Шар китап» деп аталған емес, ҳәзирде мусылман дүньясында бундай деп төртеўине атама берген жоқ. Егерде мақала авторлары «Шар китапты» усылайынша түсинген болса ҳәм шәкиртине надурыс түсиник берген устаз да мына ҳақыйқый дәреклерди билип қойғаны мақул!

«Шар китап» — төрт китаптың бир муқаба астындағы жәмлемеси болып есапланады. Усы ат пенен даңққа ийе болған. Өтмиште ол «Ҳафтияк» ҳәм қураннан кейинги тийкарғы ҳәм мәжбүрий оқыў китабы болған. Ол тек ғана Маўереннахрда, бәлки пүткил Орайлық Азия, Уйғырстан ҳәм Кавказдағы мусылман мектеплериндеги үшинши оқыўлық есапланған. Оның негизги ўазыйпасы жас өспиримлерди әдеп-икрамлылыққа ҳәм диний исенимде тәрбиялаўдан, яғный ийман тәрбиясынан ибарат болған. Усы тәрептен өтмиште бул журтларда «Шар китап» сыз шаңарақ, оны толық ядламаған мусылман аз болған. Мине усы «Шар китапқа» бир муқаба астына жәмленген төрт китаптың атлары ҳәм авторлары, және жазылған дәўирлери төмендегише:

**Биринши китап** «Номи ҳақ» («Алла аты»), қосық түринде жазылған. Бунда Алланың жалғызлығын көңилге салыў ҳәм тек оған сыйыныў шәртлери, көңилди ҳәм денени таза тутыўдың парызлары менен сүннетлери ҳәм т.б. дан ибарат. Авторы Шарафаддин Бухорий, ол тәрепинен 1301-жылы жазылған.

**Екинши китап** «Бидон» («Билгил»), қара сөз бенен жазылған. Китапта ийман, ислам ҳәм намаз мәселелери сораў ҳәм жуўап тәризинде, жас өспиримлерге түсиникли әпиўайы ҳәм сада түрде жазылған. Авторы өзбек изерт-

леўшиси И.Абдуллаевтың көрсетиўинше, Қазы Азмуддин деген адам болған.

**Үшинши китап** «Қаўлан наби» («Пайғамбар сөзлери») яки «Мухиммотул-муслимин» («Мусылманлықтың әхмийетли қағыйдалары») қара сөз бенен жазылған. Онда ийман, парыз, ўажиблер мәнислери хәм басқа диний-моралльқ мәселелер дөгерегинде айтыслар, сораў хәм жуўаплар ҳадислер тийкарында баян етиледи. Бунда И.Абдуллаевтың көрсетиўинше, китаптың авторы Жалолоддин Кухий деген киси болған. Ал екинши хәм үшинши китаплардың қайсы ўақытта жазылғаны елеге шекем толық мәлим емес.

**Төртинши китап** «Пандномa» («Ўасиятнама»яки «Нәсиятнама») қосық пенен жазылған. Бул XII-әсирдиң орталарында туўылып, XIII-әсирдиң екинши шерегиниң басларында қайтыс болған шайыр Мухаммед Фаридиддин Ибн Ибраҳим шайқ Аттор Нишапурий қәлемине тийисли. Китап XIII-әсирдиң дәслепки шерегинде жазылған. Китап тәрбиялық характери менен дыққатқа сазаўар. Онда адамгершиликтиң мәниси, жақсы пазийлетлер хәм жаман ис-хәрекетлер сөз етиледи. «Шар китап» фарсы-тәжик тилинде жазылғаны себепли, басқа миллетлердиң балалары оны оқыўға хәм түсиниўге қыйналған. Сонлықтан оны ядлап алыўға күш салған. «Шар китап» биринши китап авторы Шарафиддин Бухарий тәрепинен XIV- әсирдиң басында бир муқаба астына жәмленген оқыў китабы сыпатында дүньяға келген. Бул китапты ески мусылман мектеплеринде оқыған жас өспиримлер қаншелли қыйналғанлығы хаққында, атақлы өзбек шайыры, драматург хәм жәмийетлик искери Абдулла Авлоний 1903-жылда «Әдебият хәм миллий қосықлар» атлы шығармасының кирисиўинде былай деп жазған еди: «Ҳақыйқатында, өз ана тилин дурыс билмеген, енди ғана хәриплерди бир-биринен айырған бир жас баланың қолына «Шар китап» ты берип,... фарсы хәм арабша тиллерде жазылған.... гәплерди оқытыў менен жерде турып жулдызларға қол созбақ яки ийне менен қудық қазбақ арасында парық жоқ». Соған қарамастан бул шығарма алты әсирден көбирек мүддет даўамында ески мектепте оқытылып келинди. Балалар қайсы миллетке тийислилигине қарамастан фарсы, тәжик тилинде оқып келди[1]. Бундай басқа тилде жазылған оқыўлықтан «тура қашыў» тек ғана Бердақ бабамыз ушын ғана үрдис емес еди. Ал улыўма парсы-тәжик тилин билмейтуғын басқа миллетлер балалары ушын тән қубылыс болған. Өйткени, аўылларда жас өспиримлерди оқытатуғын моллалардың да көпшилиги бул китаптың мәнисине, мазмунына түсинбеген. Екинши тәрептен, бизиң жоқарыда аты келтирилген мақала авторлары ойлағандай «Шар китап» кийели, илаҳий китап емес, тек ески мектепте илаҳий китап «Қураннан» кейин, жас өспиримлерди диний инанымға хәм адамгершиликке, жәнe жаман ис-хәрекетлерден аўлақ жүриўге бағдарланған тәрбиялық характердеги оқыўлық болған. Жаслайынан ақыллы, зейинли хәм зийрек болып өскен бабамыз диний инанымлар менен адамгершиликти үйретиўши бул китаптан «тура қашып», дыққат аўдармаған болса, оның есесин басқа оқыўлықлардан қайтарған. Сонлықтан, уллы классик шайырымыздың бул оқыўлықтан жас өспирим гезинде «тура қашыўы» оның уллылығына, инсанлық қәдир-қымбатына, мусылманлығына хешқандай нуқсан келтирмейди. Қайтама бабамыздың ҳақыйқатшыллығын жоқары шыңларға көтереди.



---

1. Сафаров.О. «Шар китап»-ийман тәрбиясы. Мулоқот, №1, 1997, 50-53-бетлер.

5-107

Тәбийий түрде сораў туўылыўы сөзсиз. Бердақ шайыр жасаған дәўирде «Шар китап» тың түркий тилде тәржима етилген тийкарғы нусқалары бизиң үлкемизге жетип келмеди ме деген сораўыңызға жуўабымыз, соннан ибарат, бул китап биринши мәртебе Орта Зарафшанлы шайыр Убайдулла Ислам улы Аламкаш тәрепинен 1898-жылы фарсый тилден түркий тилге еркин тәржима етилди. Аламкаштың еркин аўдармасы ташкентли Абдулқаюм деген кисиниң ғәрежети есабынан 1910, 1913-1914-жылларда «Шар китап» аты менен емес, ал «Қуллиети чаҳорн китоби туркий» деген атама астында Ташкенттеги Ғулам Ҳасан Орифжон типографиясында басылып шығады[1]. «Шар китап»тың жоқарыдағы атамадағы түркий тилге айландырылған нусқасы ең биринши рет 1910-жылы типографиядан шығып атырған ўақытта Бердақ бабамыздың қайтыс болғанына он жыл толған еди. Солай етип, Бердақ бабамыз да ҳәм оннан бурын жасаған классик шайырларымызда бул китаптың туркий тилдеги қол жазба яки баспа усылында шыққан нусқаларын оқый алмады.

Жуўмақлап айтқанда, **биринщиден** , уллы шайыр «Шар китап» сияқлы фарсы-тәжик тилинде жазылған оқылыўы аўыр, түсиниксиз оқыўлыққа жас өспирим ўақтында қызықпаған. Оның орнына Шығыс мусылман мәдениятының уллы ўәкиллери болған Абдирахман Жамий, Наўайы, Фердаўсий, Физыўлий, Бедил, Аттор, Мақтымқулы ҳәм басқалардың шығармаларын қунт пенен оқып үйренеди. **Екиншиден** , «Сахра бүлбили» атын алған, уллы сөз шебериниң қосықларының ибараларына дәрексиз, тийкарғы нусқасыз өзгерис киргизиўге ҳеш кимниң ҳақысы

1. Суванкулов.И. «Аламкаш-Суфы Аллаяр издоши», Мулоқот, №1, 1997, 55-бет.



жоқ. Бердақ шығармаларын халық арасынан жыйналғанларға ҳәм сол жыйналған нусқаларды қайта-қайта електен өткерип баспаға таярлаған редколлегия ағзаларына ҳәм пикир билдириўшилерге кемшиликлер қойыўға исендирерлик тийкарларға ийе дәреклер яки жаңадан табылған қол жазба нусқалар болмаса, тийкарсыз, дәрексиз «Шар китап» қа қушақ аштым» ямаса «Шар китап» тан турақ аштым» деп жазған сыяқлы көдирең сөзлер менен ҳеш кимди де исендире алмайсаң. **Үшиншиден,** қарақалпақ халқының маңлайына тигип отырған уллы шайыры өз қосық қатарларын биймәни «аштым, аштым» ямаса сәйкес «еди,еди» усаған келиспейтуғын уйқасықлардан дүзди деп, оның дөретиўшилик шеберлигине нуқсан келтириў ҳасла кеширилмейтуғын гүнә болып есапланады. **Төртиншиден,** Бердақ «Шар китаптан» тура қаштым» деген менен XX әсирдиң алпысыншы жылларында бир белгили алымымыз жазғанындай «өз заманының атейсти» болған жоқ. **Бесиншиден,** Бердақтың «Излер едим» қосығының бул гәп етилген бөнтин (куплетин) ҳеш ким Шоралар заманында бурмалап өзгертпеди ҳәм ҳешким де бабамызды «Шар китап» тан «бездирмеди». Уллы ойшыл өз заманының перзенти, мусылман инсан, «Ҳақтың қулы» болған адам. **Алтыншыдан,** уллы шайыр өзиниң тереңфилософиялық көз-қарасларға толы болған «Излер едим» қосығын 1887-жылы алпыс жасына шыққанда, яғный камалат шыңына көтерилген дәўиринде жазған. Бул қосық бабамыздың оғада тәшўишли талапшаң 40 жылдан асламырақ дөретиўшилик жолына оптимистлик жуўмақлары болады. (Қараңыз: Бердақ таңламалы шығармалары. Н. «Қарақалпақстан», 1987, 31-бет). **Жетиншиден,** уллы ойшылдың камалат шыңына көтерилген дәўиринде де «Шар китапқа» қатнасын өзгертпегенлиги ийман тәрбия-

сына арналған бул оқыўлыққа зәрүрлигинин болмағанлығын көрсетеди. Себеби, бул дәўирде ол «Шар китаптан» үйренбей-ақ, ийман тәрбиясын «Ҳәдислерден», Нәжимиддин Кубра рубайыларынан, Хожа Ахмед Яссаўий ҳикметлеринен, Сулайман Бақырғаний (Ҳәким Ата) қосықларынан, Наўайы шығармаларынан үйренди, яғный оның «иләҳийда көрерменлиги менен дөретиўшилик сезгирлиги», «Шар китап» арқалы қәлиплеспеди, ол бул оқыўлыққа соқырларша «қушақ ашып» яки «турақ ашып» мәңгүрлерше үңилип отырмады.

Уллы устазлардан, әўлийе-әзийзлерден сабақ алып үйренген әзийз бабамыз Бердақ өзинин ақырғы демине шекем ийман-шәраятына ҳәм ийман таянышлары менен ҳүкимлерине садық болды. Соның ушын да, ол былай деп жазған еди:

«Ҳаққа әсилик әйлемеспен,
Дәнекерсиз жүйлемеспен,
Ҳасла жалған сөйлемеспен,
Дуўрылық сөз сөйлер едим».[1]

Бердақ бабамыздың ҳақыйқатшыллығына исеним менен қарап, оның шығармаларына тийкарсыз «дүзетиўлер» киргизиўге талаплана бермей, уллы ойшыл руўхын тыныш қояйық! Бундай негизсиз «жаңалаўлар» менен биймәни пикирлердиң орнына, биз шығыс дүньясының шәшмелеринин бири болған қарақалпақ мәдениятының мийрасхорлары екенимизди умытпайық! Бабаларымыз дөреткен байлықларды халқымызға еледе толығырақ жеткизиўге асығайық!

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987-жыл, 118-бет.



## ЖУЎМАҚ

Қарақалпақ халқының уллы классик шайыры Бердимурат (Бердақ) Қарғабай улының үрим-путақларына арналғанлығы себепли, оғыры кең түрде шынжырлық кестелер берилди.

Онда уллы шайырдың алыстағы бабаларының ким болғанлығы анық көрсетилип, олардың билимдан инсанлар екенлиги көрсетилиўи нәтийжесинде усы ўақытқа шекемги Шора ҳәкимияты дәўиринде сол дәўир идеологиясына сәйкеслендирип жарлы гедей шаңарағында туўылды деген тастыйықлаўлардың надурыс екенлиги ашып көрсетилди. Бердақ руўханый, бий шаңарақлардан әрбиген әўладлардың урпағы. Оның бабасы руўханый инсан болғанлығы белгили.

Солай етип, Бердақ шайыр үрим-путақлары Шығыс Мусылман мәдениятының дәреклери болған жазба әдебий, диний шығармаларды оқып, таныс болған саўатлы инсанлар еди. Бул мийраслар уллы шайырдың ҳәр тәреплеме билимли болыўына негиз болып хызмет еткен.


ҚАРУН суўпы
ЖАҚСЫЛЫҚ бий
ҚУЛМУРАТ суўпы («Қулеке»)
ХОЖАМУРАТ бий («Хожеке»)
Хожамберген («Шаңтиймес»)
БЕКМУРАТ бий («Бекбий»)
Алтай
Досалы
Боранбай
Арзыбек
Балтабай
Турды
Татлымурат («Тнет»)
Қалжан
Қалмухаммед («Қарғабай»)
Салый
Сиңгербай
Турсынгүл
Есенгелди («Есен қозы»)
Нажиматдин
Қошқарбай
Мояңбай
Шахидан
Нағметулла
Сырға
Қосжетер
Шамшет
Қурбан
Тажибай
Муфтулла
Еримбет
Нийетулла
Тажибай
Сағидулла
Икметулла
Наметулла
Алламберген
Базаргүл
Паршагүл
Қаншайым
Турсын
Тазагүл
Сәнетулла
Далжан
Байжан
Байбосын
Есбосын
Көбейсин
Лиза
Алишер
Айбек
Айдос
Султан
Гүлайым
Ерназар




ДОСАЛЫ
Есенгелди қазы
Нағметулла
Сырға
Қосжетер
Сарбу
Юсуп
Дәўлетназар
Жийенгүл
Султаназар
Дурдана
Дәўлетбийке
Жолдас
Мурат
Мақсет
Бахтияр
Зыяда
Дилбар
Қоңыратбай
Полат
Шарапат
Гүлнара
Халықназар
Сәтбай
Дәнияр
Аллияр
Шәйиргүл
Оралбай
Дилбар
Қәллибек
Айбек
Гүлбәҳәр
Дәригүл
Шазада
Хурлиман
Ахметаллы
Бийбиайша
Нысанбай
Өтенияз
Палсулыў
Төренияз
Жалғас
Қалжан
Жийенбай
Нысанбай
Бийбизада
Жалғас
Турсынгүл
Дүйсенбай
Гүлжанай
Света
Азат


ДОСАЛЫ
Нажиматдин
Шамшет
Нуратдин
Палжан
Зерхан
Баян
Бахтияр
Дәрменбай
Перхан
Дәўлетбай
Бахтияр
Зоя
Полат
Амангүл
Шайдагүл
Дурдана
Дүйсенбай
Парахат
Эльмира
Тимур
Сарсенбай
Лола
Шарафатдин
Дилара
Гүлрәўшан
Бийсенбай
Азат
Раўнс
Мийригүл
Алмагүл
Қоразбек
Алламберген
Жийенбай
Бийбизухра
Жумабай
Рейимбай
Әлимбай
Серехан
Айымхан
Роза
Қуўатбай
Бийбиайша
Атабай
Айтбай
Айтжан
Базархан
Бийбихан
Сапаргүл
Бағдагүл
Бердибек
Қаллибек
Төребек
Базаргүл
Ережепбай
Бахыт
Адилбек
Тазагүл
Генжегүл




ТУРДЫ
Бабанияз
Уабосын
Бегжан
Асаматдин
Бекбосын
Гүлайым
Шарафатдин
Назатдин
Каримбай
Уснатдин
Нажим
Дәлибай
Базарбай
Мырзабай
Әдилбай
Дәўлетбай
Бекназар
Марат
Қабылбек
Мақсет
Өмирбек
Дәўлетназар
Сәўле
Бийбиайша
Сәрсен
Рахим
Гүлистан
Айпарша
Гүлпаршын
Гүлжаҳан
Камила
Жамийла
Муратбай
Полатбай
Барлықбай
Гәўҳар
Полат
Абат
Тохта
Зийнеп
Бахыт
Турсынбек
Алтынбек
Қуралай
Айзада
Аманбай
Назарбай
Гүлжамал
Гүлназ
Тимур
Бағдагүл
Баҳаргүл
Жалғас
Апиза
Оралхан
Гүлзийпа
Гүлистан
Гүлчехра
Аяпберген
Азат
Бердақ
Бахтыяр
Ерназар
Алийшер
Руслан
Дилноза
Рита
Ринат
Турдыбай
Зульфия
Әнжим
Зыяда
Замийра


ҚАЛМУХАММЕД бий
(«Қарғабай»)
Өтеберген
Нурмақ
Ермақ
Улжан
Сейтмурат
Самурат
Мырзабек
Разбек
Ораз
Қоразбек
Шарап
Емберген
Алламберген
Апиза
Өтеўли
Генжегүл
Халмурат
Султамурат
Таўмурат
Жарылқаған
Есболған
Зинат
Файрат
Барлықбай
Абат
Ылғымхан
Гүлжаҳан
Қуўаныш
Кеңесбай
Кеўлимжай
Азат
Толыбай
Лиза
Қонысбай
Жеңисбай
Мурат
Аман
Амангүл
Ләззет
Расул
Хожабек
Узақ
Мақсет
Алпысбай
Базарбай
Уримхан
Сәрсен
Зийўар
Қанымхан
Жәмет
Арзыў
Бекимбет
Сәрбиназ
Айсәнем
Исақ
Мухаммедин
Сербаба
БЕРДИМУРАТ
(«Бердақ»)
Жақсымурат
Убайдулла
Өтенияз
Имма
Ийгилик
Атабек
Мийригүл
Турдымурат
Мәмбетмурат
Гүлпаршын
Айдос
Расберген
Жәлий
Әбдиғаний
Әлий
Анаргүл
Айгүл
Мийригүл
Ўәлий
Зәмийра
Дәўлетбай
Әбдикәрим
Үзилхан
Зинахан
Байрамбек
Мәмбеткәрим
Ҳүрлиман
Темурбек
Гүлсадам
Муҳаббат
Ибрайым
Жамийла
Исмайыл


БЕРДИМУРАТ
(«Бердақ»)
Айтмағамбет
(«Айеке»)
Нәзибек
Кудайберген
Сейтмамбет
Сейтназар
Мәмбетназар
Зийбахан
Перийза
Сәлпихан
Емберген
Гүлсен
Мүңсызбай
Нуран
Дәмегул
Сексенбай
Ерназар
Кәрийма
Байбиқатша
Сәлийма
Анар
Шынар
Төребай
Хурлиқа
Хурлиман
Айымхан
Гулимхан
Жарымхан
Байбихан
Избан
Доцан
Қошымбет
Генжебек
Айсәнем
Перигул
Нуратдин
Зийнатдин
Сәрбиназ
Аблатдин
Қаражан
Қаллыхан
Кундызбай
Жарылқасын
Генже
Уббинияз
Сапарнияз
Гулайым
Бийбиайым
Алланазар
Зийнехан
Камал
Жамал
Перийза
Азамат


МӘМБЕТНАЗАР
Назлымхан
Әнжимжан
Өтесин
Муслима
Көшкинбай
Жолдасбай
Бектурсын
Әдилбай
Бахамдулла
Бегис
Шыңғыс
Ильман
Сайыпжамал
Иниамин
Нуржамал
Гүлжамал
Наргиза
Саламат
Гүлнар
Зәрип
Ғаний
Әлий
Хошахяр
Аллияр
Шәрияр
Бахтияр
Ғапур
Таңсулыў
Нурсулыў
Айсулыў
Асқар
Жаңабай
Жумабай
Зоя
Анвар
Нархал
Инкар
Дилбар
Муҳаббат
Рысбийке
Байрам
Баҳадыр
Диларам
Зульфия
Нуржамал
Гүлзар
Қалдыбай
Нағийма
Турсынгүл
Бағдагүл
Турдыбай
Бахтияр
Пердебай
Ережеп
Гүлзийба
Гүлзәбийра
Қуўандық
Зина
Мийўагүл
Улмекен
Толыбай
Пердегүл
Гүлжаҳан
Дәўлетнияз
Маманбий
Гәўҳар
Азиза
Дәригүл
Минайым
Турдыбийке
Базархан
Гүлимхан
Жолдас
Көмекбай
Мақсет
Сәрсенбай
Жоллыбай
Үримхан
Дәмехан
Света
Дәўран
Нөкисбай
Жәмийла
Кеўлимжай
Жанна
Люда
Индира
Тахмийна
Меҳрибан
Азат
Әжинияз
Айтбай
Хүрлиман
Қурбангүл
Гүлшат
Мырзабек
Бердақ
Гүлпаршын
Айтгүл
Үмийда
Кудайберген
Дилфуза
Гүлайым
Гүлчеҳра
Раман
Султамурат
Руслан
Сәрбиназ
Роза
Апиза
Сәтнияз
Кеңесбай
Әдилбай
Чаржаў
Гүлайда
Айнур
Бийбисара
Амангүл
Исмайыл
Гүлнара
Турдыхан



СЕЙТНАЗАР
Муқсызбай
Нуран
Сексенбай
Айжан
Оралбай
Шолпан
Гамзат
Гүлсара
Гамал
Айзада
Гүлзада
Амангүл
Сәтулла
Жумағалий
Гүлдарийха
Хүрлиман
Тазагүл
Бахтияр
Махаматдин
Айназар
Халықназар
ЗИЙБАХАН
Ерназар
Кәрийма
Турсынгүл
Қыдырбай
Гүлқатша
Жумагүл
Айназар
Пирназар
Айпатша
Нурназар
Байназар
Нәбийра
Елиўбай
Еркинбай
Әдилбай
Гүлфия
Гүлзия
Гүлзада






ҚАРАЖАН
Қундызбай
Қаллыхан
Жоллыбай
Гүлсара
Камила
Абылла
Үмитхан
Улжан
Замир
Шәрияр
Лизахан
Гүлжаһан
Махмуд
Базарбай
Турғанбай
Бахытбай
Гүлистан
Абеўбай
Абадан
Зернайым
Замийра
Нәбийра
Гүлчехра
Бахтияр
Азамат
Феруза
Жамийла
Азат
Еркинай
Серик
Оралбай
Гүли
Әдилбек
Иднатдин
Салатдин
ЖАРЫМХАН
Сапарнияз
Улбоған
Хансулыў
Дәметкен
Айтмурат
Айпарша
Гүлқатша
Жеңисгүл
Алмагүл
Айтмурат
Шийрингүл
Мырахмет
Мийригүл
Бағдагүл
Толғанай
Алтын
Рахмет
Санетулла
Кеңесбай
Қонысбай
Нағметулла
Гәўхар
Нәзигүл
Алтынай
Батырбек
Ақсуңгил
Дилбар
Гүлжамал
Сахипжамал
Айсултан
Мақсет
Моятдин
Алийшер
Жуматдин
Махаматдин
Сиражатдин
Салтанат
Зернигара

## МАЗМУНЫ

Кирисиў ....................................................................................3
Жумбақ инсан .........................................................................................5
«Қара бақсы» аўылға келди ....................................................................36
«Жарық жулдыз» урпақлары ....................................................................45
Бердақ ҳәм «Шар китап» ........................................................................59
Жуўмақ ....................................................................................................69

Б.Утамбетов. А.Қдыров.
**Бердақтың туўысқанлары ҳәм урпақлары**
қарақалпақ тилинде
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—1999*

Редакторы—А. Бекмуратов
Художниги—И. Қыдыров
Тех. редакторы—К. Бекниязов
Корректоры—А. Аташева

ИБ 2101

Териўге берилген ўақты 10.04.99-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 26.04.99-ж. Қағаз форматы 70 x 108 $^1/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы — «Times Qaraqalpaq». Кегль 10. Көлеми 2,625 б. т.; 3,67 шәртли б. т.; 3,88 есап б. т. Жәми 5000 нусқа. Буйыртпа №107. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы:
*742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.*

Қарақалпақстан Республикасы Баспасөз бойынша
Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты:
*742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.*

## ҚАЙЫР САҚАЎАТЛЫ ИНСАНЛАР

*Бизиң ана ўатанымыз Өзбекстан Республикасы 1991-жылы өз мустақыллығын алып, өз алдына шаңарақ көтерди.*



*Мәмлекетимиз президенти И.А. Каримов бурында жасап өткен бизиң халқымызға теберик болған, билимли, илимли бабаларымызды ядқа алып бабаларымыздың мийрасларын халқымызға ҳәм шет еллерге таныстырыўда үлкен ислер жүргизбекте. Соның ишинде қарақалпақ халқының әдиўли перзенти қарақалпақ халқының уллы шайыры Бердақ бабамызды яд етип 1998-жылы 170-жыллық торқалы тойын өткерди. Бабамыз урпақлары президентимиздиң пәрманынан рухланып бабамыздың естелик китабын шежире кестесин жазып питкерди. Соның ишинде мәмлекетимиз базар қатнасықларына басқышпа-басқыш өтиўине байланыслы, китапты «Қарақалпақстан» баспасынан бастырыўда қаржы менен тәмийнлеўди жеке меншик «Әдалат» фирмасының баслығы Мырзақулов Ибрайым спонсорлық етип жәрдем қолын созды.*

*2. Нөкис қалалық «Суў тармақлары» бөлиминиң баслығы Жайлаўбай Нуренов ҳәм Нөкис қалалық политехника колледжиниң есап-санақ экономика бөлим баслығы Сарсенбаев Бийсенбай экспедиция дәўиринде көлик транспорт жағынан жәрдем берди ҳәм усы китапты баспаға таярлаўда, сызылма кестесин сызыўда Н.А. Орынбаев атындағы Нөкис педагогикалық училищесиниң 3-курс студенти Көмекбай Мырзабеков инсаныйлық жәрдемин кәрсетти. Жоқарыда аты көрсетилген үш азаматқа пүткил халқымыз атынан бабаларымыз урпақлары атынан шексиз миннетдаршылық билдиремиз. Ҳәмийше сизлерди бабамыз рухлары қоллай берсин деймиз ҳәм семьяларыңызға бахыт тилеймиз.*